ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№88 (24.214) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 24, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыдигъэкIа Указ №37-УГ - мкIэ къащта Граждан зыхъумэжыныгъэм и къызэгъэпэщыкIэмрэ егъэкIуэкIыкIэмрэ ехьэлIа положенэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м къыдигъэкIа Указ №37-УГ-мкIэ къащта Граждан зыхъумэжыныгъэм и къызэгъэпэщыкIэмрэ егъэкIуэкIыкIэмрэ ехьэлIа положенэм мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 4-м «гъэзэщIакIуэ» псалъэр «къэралым и» псалъэмкIэ хъуэжын;

б) пункт 5-м «Кавказ Ищхъэрэм граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхукIэ щыIэ щIыналъэ центрым, щIыуэпсым къытхуихь къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ гъэзэкIуэжынымкIэ граждан зыхъумэжыныгъэм епха къалэнхэр зыхь гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ IуэхущIапIэ» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэрым граждан зыхъумэжыныгъэм епха къалэнхэр щызыхь гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ IуэхущIапIэм и щIыпIэ IуэхущIапIэ» псалъэхэмкIэ хъуэжын;

в) пунктхэу 6-мрэ 7-мрэ мыпхуэдэ щIыкIэу тхыжын:

«6. Граждан зыхъумэжыныгъэм епха лэжьыгъэм хеубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зауэ зэрыхьэзэрийм е абыхэм кърикIуахэм, абы къыдэкIуэу щIыуэпс е техногеннэ щхьэусыгъуэкIэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм цIыхубэмрэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ ящыхъумэныр.

7. Граждан зыхъумэжыныгъэмрэ цIыхубэр хъумэнымрэ епха мурадхэм (граждан зыхъумэжыныгъэм и мурадхэм) елъытащ граждан зыхъумэжыныгъэмрэ къызэрымыкIуэ щIыуэпс е техногеннэ къэхъукъащIэхэм я щхьэусыгъуэкIэ къэхъу щытыкIэхэр ягъэзэкIуэжын папщIэ, зауэ зэманым ягъэзэщIапхъэ лэжьыгъэм и инагъыр, къызэгъэпэщыкIэр, егъэкIуэкIыкIэр, абы ирахьэлIэ Iэмалхэмрэ щагъэзэщIапхъэ пIалъэмрэ.»;

г) пункт 14-м «Правительствэм и Унафэщ» псалъэхэр «Iэтащхьэ» псалъэмкIэ щыхъуэжын.

2. Мы Указым къару егъуэт къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 21- м*
*№83-УГ*

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ комиссэм теухуа Положенэм, «Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ комиссэм и Положенэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм накъыгъэм и 12-м къыдигъэкIа Указ №51-УГ-мкIэ къищтам, и 23-нэ пунктым ипкъ иткIэ:

1. Къэщтэн фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ комиссэм хэтхэу мы Унафэм щIыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуахэр.

2. Мы унафэм къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м*
*№83-РГ*

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №83-РГ-мкIэ къащтащ***

### Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лицензэ комиссэм хэтхэр

**Чимаев Т. Ж.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэм кIэлъыплъынымкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэм и къуэдзэр *(лицензэхэр тынымкIэ комиссм и унафэщIщ)*

**Iэхъуэбэч А. Н.** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Совет» ассоциацэм и лIыкIуэр, Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и Советым и унафэщIым и къуэдзэр

**Барий З. Л.** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ухуакIуэхэр» зэгухьэныгъэм и лIыкIуэр, Налшык къалэ округым «Налшык хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ компание» и муниципальнэ унитарнэ IуэхущIапIэм и унафэщIым лэжьыгъэр зэтеухуэнымкIэ и къуэдзэр

**Елей А. Н.** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ухуакIуэхэр» зэгухьэныгъэм и лIыкIуэр

**Чэтбий М. Ю.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм и лIыкIуэр

**Мэкъуауэ И. С.** - «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ щIыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэр

**МэкIэтIей И. Р.** - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм ухуэныгъэмрэ щIым и зэхэлъыкIэр джынымкIэ и факультетым «ЩIым и зэхэлъыкIэмрэ ямыгъэIэпхъуэ мылъкур къызэрапщытэмрэ» и кафедрэм и доцентыр

**Павленкэ В. П.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, хьэрычэт IэнатIэм зыщIэгъэкъуэнымрэ псэупIэ-коммунальнэ политикэмкIэ и комиссэм и унафэщIыр

**Токъу Р. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIыр

**Тхьэгъэлэдж М. У.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым къэрал къулыкъумрэ административно-финанс управленэмкIэ и къудамэм Iулъхьэ зэIэпыхыным ехьэлIа хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъунымкIэ и секторым и унафэщIыр *(чэнджэщ къыхилъхьэну хуиту)*

**Хьэгъундокъуэ А. Б.** - «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ щIыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIыр

**Щоджэн Л. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупIэм и IэнатIэм кIэлъыплъынымкIэ и къэрал комитетым фэтэр куэд хъу унэхэр зэрахьэну хуит зыщI лицензэхэр тынымкIэ, лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и унафэщIыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэм кIэлъыплъынымкIэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэр

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

# НаIуэ къохъу къэрахьэжьа Iуэхухэм я фIагъыр



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ХъумапIэ банкым хыхьэ Ипщэ-КъухьэпIэ банкым и унафэщI Титов Евгений зэIущIэ дригъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ хьэрычэтыщIэ Iэмалхэм, ухуэныгъэ къудамэм щызекIуэ уасэхэм, цIыхубэ гъащIэмрэ сату Iуэхухэмрэ ефIэкIуэн папщIэ мыхьэнэ пажэ зиIэ къэрал программэхэр гъэзэщIа зэрыхъу щIыкIэм. КъищынэмыщIауэ, и гугъу ящIащ IэмэпсымэхэрыхэIэ «ягъэгупсысэу», ХъумапIэ банкым щIыналъэм хъыбарегъащIэ зэIэпыхыкIэ IэмалыщIэхэр зэтриублэным, гъуэгухэм зегъэужьыным, бжыгъэр и тегъэщIапIэу еджапIэхэм къыщагъэщхьэпэ Iэмалхэр, медицинэм пыщIа хэкIыпIэщIэхэр къызэбгъэпэщ зэрыхъунум.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщыпсалъэу, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ: «Нобэ ХъумапIэ банкыр кIуэ пэтми зызыужь, псори къызэщIэзыубыдэ IуэхущIапIэ лъэщ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы къыщрихьэжьэ проектхэм я фIагъыр хуэм-хуэмурэ наIуэ къохъу. ДяпэкIэ ахъшэ згъэкIуэным и мызакъуэу, цIыхубэм я гъащIэр езыгъэфIэкIуапхъэ лэжьыгъэхэр нэхъыбэу хэтын хуейуэ къызолъытэ ди зэдэлэжьэкIэм».

Титов Евгений псалъэ щратым гу лъаригъэтащ: «Дэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щедгъэкIуэкI лэжьыгъэм унэтIыныгъэ зыбжанэу зеубгъу: я мылъку хэзылъхьэ инвесторхэм я проектхэм зедгъэужьыну, дэтхэнэ ди къудамэри бжыгъэр зи тегъэщIапIэ IэмэпсымэхэмкIэ дыузэдыну, фи республикэм и цIыхухэм ахъшэр зэрызекIуэм теухуауэ я щIэныгъэр хэдгъэхъуэну, щIэуэ къежьэ хьэпшыпхэмрэ Iэмалхэмрэ псоми ялъэдгъэIэсыну».

2020 гъэм къащта «Проектхэр щагъэхьэзыр офис» Iуэхутхьэбзэм ипкъ иткIэ, республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху 28-м нэс зэфIахыну зэрыхунэсар Титовым наIуэ къищIащ. Нэгъабэ лъэндэрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ папщIэ кредиту банкым сом мелард 16 къиутIыпщащ. Ипотекэ кредитхэр щIыналъэм щыщу унагъуэ мин 3,5-м къыщагъэсэбэпащ. Унэхэм щIэупщIэ зэраIэм ухуэныгъэ лэжьыгъэхэми зауэжьыну Iэмал ярет. ХъумапIэ банкым и ахъшэ хэлъщ псори зэхэту сом мелуан 240-рэ зи уасэ псэупIэ метр зэбгъузэнатIэу мин 25-м.

ХъумапIэ банкым республикэм бжыгъэр зи тегъэщIапIэ инфраструктурэм зыщрегъэужь. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу ди Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я процент 80-м я ахъшэр онлайн (интернет) IэмалкIэ зэрагъакIуэ. ГъащIэр, лэжьыгъэр, зыгъэпсэхугъуэр нэхъ тынш зыщI Iуэхухэр япэ игъэщыпхъэу къыдолъытэ, цIыхубэм и сэбэп зыхэлъ инвестицэ проектхэр къезыхьэжьэхэм дазэрадэлажьэри абы щыщщ. ХъумапIэ банкым республикэм щызэфIих ESG - проектхэм я уасэр сом 1 мелардым нос.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ ират кредитхэм я нэхъыбэр турист IэнатIэм, абы укъыфIэкIмэ, ухуэныгъэ Iуэхухэмрэ мэкъумэшымрэ яхуэунэтIауэ зэрыщытыр. Лэжьыгъэр нэхъ зыхуей хуэзауэ екIуэкIын папщIэ Iэтащхьэм къыхилъхьащ инвестицэ проектхэм я Iуэху зыIутыр зэхэгъэкIын хуейуэ.

ЗэIущIэм и кIэухым лъэныкъуитIри акъылэгъу зэдэхъуащ зи гугъу ящIа Iуэхухэр зэгъусэу зэрызэфIахын Iэмалхэр къызэрагъуэтыпхъэмкIэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● Олимпиадэ



Ласицкене (Кучинэ) Марие



Асэкъал Рустам

# Адрейхэм куэдкIэ къащхьэщыкI зэхьэзэхуэ ин

**Дыгъуасэ Iэтауэ Токио къыщызэIуахащ XXXII Гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ар илъэс ипэкIэ зэхэтын хуеят, ауэ коронавирус уз зэрыцIалэм зэщIищта дуней псом а Iуэхур щафIэкъэбылакъым. Иджыпстуи щытыкIэр нэхъыфIкъым, мынэхъыкIэмэ. АрщхьэкIэ тегушхуащ, олимп зэщIэхъееныгъэр хамыгъэкIуэдэжыпэн щхьэкIэ. Японием шыпсэухэм я нэхъыбэр хуеижкъым Олимпиадэр я деж мы гъэми щагъэIэну, къахуэкIуэнухэм узыр ягъэбэгъуэну къащохъури. Апхуэдэу щыт пэтми, зэхьэзэхуэ иныр зэхаублащ икIи ар адрейхэм куэдкIэ къащхьэщыкIынущ.**

КЪЭРАЛ 200-м щIигъум къикIа спортсмен мин 11-м щхьэдэхым я хъуэпсапIэр къайхъулIащ. Ахэр хэтынущ дэтхэнэ зыми зэрысабийрэ и псэм щигъэфIэ Олимп джэгухэм. Бадзэуэгъуэм и 23-м щыщIэдзауэ шыщхьэуIум и 8 пщIондэ спорт лIэужьыгъуэ 50-кIэ екIуэкIыну зэпеуэхэм медаль 1079-м щыщIэбэнынущ, 339-р дыщэу. Олимп программэм япэу хагъэхьащ каратэр, бгым дэпщеиныр, серфингыр, скейтбордыр. КъищынэмыщIауэ, утыку къихьэнухэщ дзюдомкIэ, триатлонымкIэ, шабзэ гъэуэнымкIэ гуп зэпеуэхэр. Аргуэру кърагъэгъэзэжащ бейсболымрэ софтболымрэ, японхэр хуабжьу зэрыщIэлъэIуам къыхэкIыу.

Сыт щыгъуи хуэдэу Олимп джэгухэм спортсмен нэхъыбэ дыдэ зыгъакIуэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэрщ. Абы и щIыхьыр яхъумэнущ цIыху 613-м. Хэгъэрей японхэм зэхьэзэхуэхэм хагъэтынущ атлет 552-рэ.

Допингым зыхидза бэлыхьхэм я зэранкIэ Урысейм и олимп спортсменхэм «Russian Olympic Committee» (ROC) фIэщыгъэм, Дунейпсо Олимп Комитетым и бэракъ хужьымрэ гербымрэ щIэту зыкъагъэлъэгъуэнущ. Ди къэралым икIа цIыху 335-м ящыщу хэт зэхьэзэхуэм щытекIуэми, хэкум и гимным и пIэкIэ къыхурагъэуэнур Чайковскэм и концерт №1-м и пэщIэдзэ Iыхьэращ.

Токио къыщызэIуаха Олимпиадэм, хэгъэрейхэм къищынэмыщIауэ, еплъын къудей щхьэкIэ хамэ къэрал къикIхэр ягъэкIуэнукъым. Абыи мылъкукIэ хэщIыныгъэшхуэ къаритынущ. Зэпеуэхэм зэрыкIэлъыплъынур телевизоррэ ИнтернеткIэщ. Ди къэралым ар дагъэлъагъуну хуитыныгъэ иратащ Япэ каналым, ВГТРК-м, «Матч ТВ»-м. АрщхьэкIэ Мэзкуурэ Токиорэ я зэманыр сыхьэтихкIэ зэрызэщхьэщыкIым къыхэкIыу жэщым сыхьэтищым щыщIэдзауэ телевизорым кIэрысын хуей хъунущ, занщIэу хъыбар къэпщIэну ухуеймэ.

Дэ дытемыпыIэжу дыкIэлъыплъынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэу Токио жыжьэм зыкъыщызыгъэлъэгъуэну лъагэу дэлъеинымкIэ дуней псом щынэхъ лъэщхэу Ласицкене (Кучинэ) Мариерэ Акименкэ Михаилрэ. Абыхэм Iэмал псори яIэщ олимп чемпион хъуауэ Хэкум къагъэзэжыну.



Акименкэ Михаил



Мусукаев Исмэхьил

НэгъуэщI къэралхэм я щIыхьыр яхъумэнуми, икъукIэ дадэщIынущ бэнакIуэ лъэрызехьэхэу Адыгейм щыщ Асэкъал Рустамрэ балъкъэр щIалэ Мусукаев Исмэхьилрэ. Абыхэми дыщэр зыIэрагъэхьэфынущ. Къапщтэмэ, зи цIэкIэ банэ Узбекистаным Асэкъалым Азием и чемпион цIэр мызэ-мытIэу къыхуихьащ, дунейпсо зэпеуэхэми дыжьынрэ домбеякърэ IэщIэлъу къыщигъэзэжащ. Рустам и дежкIэ мыр япэ Олимпиадэкъым икIи и насып иджы текIуэну догугъэ. Хьэсэней къуажэм щыщ Мусукаевым иужь илъэсхэм зи щIыхьыр ихъумэр Венгриеращ икIи дунейпсо утыкум и щIыхьыр хэпщIыкIыу щиIэтащ.

Аращи, гъуэгу махуэ, Токио-2020! Насып куэд Тхьэм къытхудигъакIуэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**



● Фэеплъ

# ЦIыхубэ усакIуэр ягу къагъэкIыж

**Бадзэуэгъуэм и 22-м ягу къагъэкIыжащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ я къэрал саугъэтхэм я лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр къызэралъхурэ илъэси 107-рэ щрикъум ирихьэлIэу. УсакIуэшхуэм и фэеплъу Налшык къалэ администрацэм и гупэм къитым деж, хабзэ зэрыхъуауэ, лъэпкъ интеллигенцэм, усакIуэм и тхыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэм, и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, къэзыцIыхуу щытахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ.**

УСАКIУЭМ къытхуигъэнащ лъэпкъ прозэм, усыгъэм, драматургием хуищIа хэлъхьэныгъэхэр. КIыщокъуэм цIыхубэм тыгъэ къытхуищIащ и щIэинхэр, псалъэм, гупсысэм, гъащIэм я дахагъэр. Абы и тхыгъэхэм Iуданэ плъыжьу щыпхышащ ноби тхылъеджэхэм зызыхуагъазэ а лъапIэныгъэхэр.

КIыщокъуэ Алим и япэ гъэсакIуэ, егъэджакIуэ хъуащ ЩоджэнцIыкIу Алий. Абы теухуауэ КIыщокъуэм сыт щыгъуи игу къигъэкIыжырт: «Усэ тхыным сыщIыдихьэхам щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуар ЩоджэнцIыкIу Алий сызэрыхуэзарщ».

Нобэр къыздэсым зэгъунэгъу лъэпкъхэм я щапхъэу къахь цIыхубэ усакIуэхэу, 1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм зэдыхэта КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ яку дэлъа зэныбжьэгъугъэ гуапэр.

Налшык къалэм и уэрамхэм ящыщ зым КIыщокъуэ Алим и цIэр зэрехьэ. Ар къыщалъхуа Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщызэIуахауэ щолажьэ и фэеплъ музей. Апхуэдэу усакIуэм и цIэр фIащащ ар зыщIэса Щхьэлыкъуэ къуажэм и курыт еджапIэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

**Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ къэралпсо форум иным хиубыдэ зэIущIэ иджыблагъэ Аруан щIыналъэм и щыхьэр Нарткъалэ щыIащ. Ди республикэм етIуанэу щекIуэкI иджырей зэхуэсыр ирагъэхьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 щрикъум.**

● КъБР-100

# «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - псоми ди зэхуэдэ унэщ»

ЖЫЛАГЪУЭМ къыщыхъункIэ хъуну щытыкIэ къызэрымыкIуэхэм укъызэрикI хъуну Iэмалхэм, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ цIыхухэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуа зэрыхъунум тепсэлъыхьыну абы щызэхуэсат ди республикэм хыхьэ Аруан, Шэрэдж, Лэскэн, Май щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэхэт щIыналъэ, щIыпIэ советхэм я депутатхэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэр къызэригъэпэщащ КъБР-м Жылагъуэ зэгухьэныгъэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэм. Абы жыджэру хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ советым и унафэщIым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI **Дзасэжь Хьэзрэталий** сымэ, нэгъуэщIхэри

Коронавирус уз зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм зыщыхъумэнымкIэ къигъэув мардэхэм тету екIуэкIащ зэIущIэр. Ар къызэIуаха нэужь, лэжьыгъэм щыпащ цIыху 50 нэхърэ мынэхъыбэ къызэщIэзыубыдэ гуп щхьэхуэхэм, зытепсэлъыхь IуэхугъуэхэмкIи зэщхьэщыхауэ. Апхуэдэхэт «ЦIыхубэ дипломатие», «Динымрэ цIыхумрэ», «ГъащIэмрэ хабзэмрэ», нэгъуэщI унэтIыныгъэхэри.

- Ди къэралыгъуэр нэхъ лъэщ зэрытхуэщIыну, щIыналъэм и экономикэр, псэукIэр, жылагъуэм щыщыIэ зэхущытыкIэхэр зэреб-



гъэкIуэфыну Iэмалхэм ящыщщ, шэч хэмылъу, лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэ быдэр, - жеIэ КъБР-м жылагъуэ зэгухьэныгъэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр **КIурашын Анзор**. - Аращ а унэтIыныгъэм гулъытэ хэха дапщэщи щIигъуэтыр.

ЗэIущIэм хэтахэм Iэмал яIащ къахуеблэгъа хьэщIэхэм езыхэр зыгъэпIейтей упщIэхэмкIэ зыхуагъэзэну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Гу зылъытапхъэ

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - шыщхьэуIум (августым) къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 582-рэщ.

Ди индексыр П 5894



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Прохладнэдэсхэм я ІэдакъэщІэкІхэр

**Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ СурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ музейм щагъэлъагъуэ Прохладнэ къалэм и «Ренессанс» зэгухьэныгъэм хэтхэм я ІэдакъэщІэкІхэр. «Кавказ - родина моя» - аращ фІащар Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум траухуа выставкэм. Лэжьыгъи 140-рэ утыку къыщрахьащ музейм и пэшищым.**

-КУЭД щІауэ дыщыгъуазэщ Прохладнэм и художникхэм я зэфІэкІым. «Ренессанс» зэгухьэныгъэм Іэмал къыдет ди нэІуасэ сурэтыщІхэм я лэжьыгъэщІэхэм деплъыну, гъуазджэм къыхыхьа цІэщІэхэр зэдгъэцІыхуну», - жиІащ музейм и къудамэм и унафэщІ **Леонтьевэ Нинэ**, гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуихым. - Выставкэм и фІыгъэкІэ художникхэм къехъулІащ республикэм и щІыпІэ дахэхэм, архитектурэ фэеплъхэм, тхыдэм теухуа я лэжьыгъэхэм гъуазджэм дихьэххэр ирагъэплъыну.

КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и Методикэ центрым и унафэщІ, КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Жылэ Анатолэ** и псалъэм къыхигъэщащ «Ренессанс» зэгухьэныгъэр илъэс зыбжанэ хъуауэ зэринэІуасэр, я лэжьыгъэхэр зэрыгъэщІэгъуэныр, дапщэщи хуэдэу, я иджырей выставкэм сурэтыщІ гъуазджэмкІэ мыхьэнэ зэриІэр.

«Ренессанс» зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Ненашевэ Татьянэ** жиІащ пандемием къыхэкІыу я гупыр илъэс етІуанэ нэблэгъауэ зыщІыпІи зэрымыкІуар, гъэлъэгъуэныгъэхэм зэрыхуэзэшар, я лэжьыгъэхэм сурэтыщІ гъуазджэр фІыуэ зылъагъухэм гукъыдэж къратамэ зэрагуапэр, дяпэкІи я зэфІэкІым, я лэжьыгъэхэм я фІагъым зэрыхагъэхъуэным зэрыхущІэкъунур.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

● ДифІ догъэлъапІэ

# Бзылъхугъэ гуащІафІэ

**Бадзэуэгъуэм и 24-м и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу Адыгейм щыщ усакІуэ, тхакІуэ, драматург цІэрыІуэ Хъунэгу Саидэ. А бзылъхугъэ гуащІафІэр ящыщщ лъэпкъ литературэм зи къалэмыр къыхэжаныкІахэм.**



КРАСНОГВАРДЕЙСКЭ щІыналъэм хыхьэ Жэмбэчей къуажэм къыщалъхуащ Саидэ. 1984 гъэм абы къиухащ Москва дэт Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ институтыр.

Усыгъэми прозэми зэхуэдэу щылъащэ, зи псалъэр щІэщыгъуэ Саидэ пасэу тхэн щІидзащ. Адыгэ лъэпкъым и дахагъэр, абы и хабзэ лъапІэхэр, цІыхугъэр, лъытэныгъэр, гущІэгъур я лъабжьэщ Хъунэгум и ІэдакъэщІэкІхэм.

Куэдым фІыуэ ялъэгъуауэ зэІэпах и усэхэм нэмыщІ, абы къигъэщІащ сценарийхэр, гушыІэр зи лъабжьэ тхыгъэхэр икІи ахэр театрхэм щагъэлъагъуэ, телевиденэмкІэ щІэхщІэхыурэ къат. Хъунэгуращ зытхар Адыгейм япэу щытрахауэ щыта художественнэ фильм кІэщІым и сценарийр. Сочэ къалэ щекІуэкІауэ щыта «ТЭФИ-регион» зэхыхьэм Саидэ «Всё для тебя, друг мой» зыфІища и фильмыр нэхъыфІхэм хабжауэ щытащ.

«УблапІэ» фІэщыгъэм щІэту тхакІуэ зыбжанэм я ІэдакъэщІэкІхэр иту 1985 гъэм дунейм къытехьа тхылъым Хъунэгум ей зыбжани ихуащ. Ар махуэ зыхуэхъуа бзылъхугъэм иужькІэ къыдигъэкІащ усэхэр, эссехэр, монологхэр зэрыт «Осэпсыц» (1989), «Пшъэхъухэр» (1994), «Макъэ шъхьафит» (2001), «ЛІэшІэгъуитІым ялъэмыдж» (2006) тхылъхэр.

Саидэ и тхыгъэхэм я япэ сатырхэм щегъэжьауэ щызыхыбощІэ абы и псэ къабзагъымрэ зэхэщІыкІ инымрэ. Гупсысэ жан зиІэ а бзылъхугъэм гъащІэм къигъэув Іуэхухэм бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ къахуегъуэт. Хъунэгу Саидэ и творчествэр къуэпсыбэщ, адыгэм и блэкІар, нобэр, лъэпкъ Іуэхур щыпэрытщ абы. Дунейм фІыкІэ зебгъэужьын, ар нэхъ дахэ зэрыпщІын яужь уитын зэрыхуейрщ и щІэджыкІакІуэр къызыхуриджэр. Абыхэм утетмэ, гъащІэр тыншыпІэ-гупсэхупІэ зэрыпхуэхъунур къыджеІэ тхакІуэм.

ТхакІуэ-усакІуэхэм яхэтщ я ныбжьым хуумыгъэфэщэну гъащІэм фІыуэ хэзыщІыкІхэр, абы и гъурри и цІынэри зыщІэхэр. Апхуэдэщ Хъунэгу Саиди.

Адыгейм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ ар. 1996 гъэ лъандэрэ Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

«Зэхэугъоегъэ тхыгъэхэр зыдэт тхылъ» къыдэкІыгъуэр Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зратыну 2013 гъэм къагъэлъэгъуахэм ящыщащ.

Зи ІуэхущІафэкІэ цІэрыІуэ ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэм дохъуэхъу, и унагъуэм, лъэпкъым, литературэм иджыри илъэс куэдкІэ узыншэу хуэпсэуну, хуэушэну.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Транспорт

# Гъуэгуанэ шынагъуэншэ тоувэ

**«Курорт - 2021» фІэщыгъэм щІэту Прохладнэ гъущІ гъуэгу станцым Іуэху щхьэпэ щекІуэкІащ.**

ГЪЭМАХУЭМ зыгъэпсэхуакІуэ кІуэну гъуэгу теувэхэм нэхъыбэу къагъэсэбэпыр гъущІ гъуэгу транспортырщ. Куэдым я бынхэр ящІыгъущ, уатеплъэкъукІынкІэ Іэмал имыІэу. Аращ сабийхэмкІи балигъхэмкІи станцхэр шынагъуэншэу щытыным теухуа лэжьыгъэ щхьэхуэ щыІэн хуейуэ къыщІалъытари.

Мы Іуэхум хэтащ Прохладнэ гъущІ гъуэгу станцым и унафІэщІхэр, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. Ахэр дунеяплъэ ежьахэм епсэлъащ транспортым щызекІуэн хуей хабзэхэмрэ шынагъуэншагъэ мардэхэмрэ ятеухуауэ. Епсэлъа къудей мыхъуу, хуагуэшащ гъуэгу техьэхэм ящІапхъэ псори зэрыт тхылъ цІыкІухэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● ТхылъыщІэ

# БзэщІэныгъэлІым и лэжьыгъэшхуэ

**Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ бзэщІэныгъэлІ цІэрыІуэ Габуниа Зинаидэ и лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэм я иужьрей, ещанэ, томыр.**




-ГАБУНИА Зинаидэ филологие щІэныгъэхэм я докторщ, КъБКъУ-м урысыбзэмрэ языкознаниемкІэ и кафедрэм и профессорщ, монографиеу 24, щІэныгъэ тхыгъэу 390-м щІигъу и къалэмыпэм къыщІэкІащ, - жеІэ Котляров Виктор. - Абы и лэжьыгъэхэм ящыщщ (ахэр испан бзэщІэныгъэлІ Гусман Тирадо Р. и гъусэу итхащ): «Las lenguas Caucasicas. Teoria sobre su origen principales clasipicaciones. Aportacionis de la linguistica rusa a su studio» (Universidad de Granada, 2001); «Минотарные языки в современном мире. Кавказские языки» (М., 2003); « Historia de la linguistica rusa» (Centro de Linguistica. Madrid, 2008); «Малочисленные языки в третьем тысячелетии и процессы глобализации» (Владикавказ, 2010), нэгъуэщІхэри. Габуниа РАЕН-м Абхъаз Республикэм щиІэ ЩІэныгъэ академием, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием я академикщ, Дунейпсо Кавказ лингвистикэ зэгухьэныгъэм хэтщ, Ингуш Республикэм щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ.

Къыхиха ІэщІагъэм хуэпэж щІэныгъэлІым и гъащІэ псор триухуащ лингвистикэм, Кавказым щыпсэу лъэпкъ мащІэхэм я бзэр хъума зэрыхъунымрэ ахэр джынымрэ. Бзылъхугъэ щыпкъэм и лэжьыгъэр уасэ зимыІэщ, бзэм къыщымынэу, лъэпкъхэм я щэнхабзэ, псэ къулеигъэхэр зыхъумэщ.

Зинаидэ и тхылъхэм я япэ томитІым (напэкІуэцІ 1064-рэ мэхъу) щызэхуэхьэсащ щІэныгъэлІым и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр, илъэс щэ никъуэм нэблагъэ къызэщІэзыубыдэр.

Ещанэ тхылъыр Іыхьит Іу зэхэтщ. Япэр абхъаз-адыгэ бзэ гупым я пасэрей тхыбзэм и тхыдэм теухуащ. Гулъытэ нэхъыбэ абы щыхуэщІащ клинописымрэ дамыгъэхэмрэ. ЩІэныгъэлІым зэхуихьэса лэжьыгъэхэмрэ къигъэлъэгъуа Іуэху еплъыкІэхэмрэ, шэч хэмылъу, а темэм адэкІи елэжьынухэм къахуэщхьэпэнущ. ЕтІуанэ Іыхьэр зыхухэхар бзэ щІэныгъэм теухуа зэпсэлъэныгъэ гъэщІэгъуэнхэрщ. Абы лъабжьэ хуэхъуауэ зэпкърихыр И. В. Сталинымрэ журналым и редактор нэхъыщхьэ В. В. Виноградовымрэ я Іуэху еплъыкІэу 1950 - 1952 гъэхэм «Вопросы языкознания» журналым къытехуа тхыгъэхэрщ.

ЩІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьа ещанэ тхылъым куэду итщ адыгэхэм, абазэхэхэм, абхъазхэм я лъэпкъ дамыгъэхэр.

Тхылъым и бжыгъэр 300 хъууэ къыдэкІащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

● Зэпеуэхэр

# Лъэпкъ видеонэтынхэр

**Мы гъэм япэу къызэрагъэпэща Лъэпкъ видеонэтынхэмкІэ «МЫ» урысейпсо зэпеуэм фрагъэблагъэ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭ гъэщІэгъуэным хэтыну гупыж зыщІхэм фи лэжьыгъэхэр бадзэуэгъуэм и 31 пщІондэ къыфІахынущ. Абы щытекІуэхэр ягъэлъэпІэнущ щэкІуэгъуэм и 4-м, ЦІыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм, ирихьэлІэу. Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм я мурадщ Урысейм щыпсэу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр къагъэнэІуэну, лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр ягъэбыдэну.

ЦІыху щхьэхуэхэм я мызакъуэу, зэпеуэм гупхэри, теле, киностудиехэри я зэфІэкІ щеплъыж хъунущ. Видеонэтынхэр ІуэхугъуитІым теухуащ: «Урысейм ис лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыІуэныгъэр», «Лъэпкъхэм я щхьэхуэныгъэхэр». Езыр-езыру гупыж зыщІа цІыху щхьэхуэхэм зэхьэзэхуэм хэтынухэм я лэжьыгъэр анимацэ, репортаж е документхэр зи лъабжьэ нэтынхэу ягъэхьэзыру бадзэуэгъуэм и 31 пщІондэ мыконкурс.рф. сайтым ирагъэхьын хуейщ.

ФокІадэм и 15-м щыщІэдзауэ жэпуэгъуэм и 30 пщІондэ гупыж зыщІ дэтхэнэри хэт хъунущ зэпэІэщІэу ирагъэкІуэкІыну цІыхубэ ІэІэтым. Нэхъыбэ къэзыхьращ зи лэжьыгъэр нэхъыфІу къалъытэнур. Апхуэдэу нэтынхэмрэ фильмхэмрэ я фІагъыр зыхуэдэр къагъэлъэгъуэнущ къэпщытакІуэ гупым хэтхэм. Гулъытэ нэхъыбэ хуащІынущ нэтынхэм лъэпкъ щэнхабзэмрэ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ къызэрыхэщым, нэтынхэм я фІагъым. Зэпеуэм щытекІуэхэм иратынущ дизайнерхэм ягъэхьэзыра «Мы» статуэткэмрэ ахъшэ саугъэтрэ.

Ягъэхьэзырыну лэжьыгъэхэм я фІагъым хагъэхъуэн папщІэ зэпеуэр зи жэрдэмхэм ягъэхьэзыращ дерсиплІу зэхэт видеокурс. А мастерклассхэр щызэхуэхьэсащ «Мы» зэпеуэм и YouTube-каналымрэ «Ноль Плюс» онлайн-кинотеатрымрэ. КъищынэмыщІауэ, киномрэ анимацэмрэ фІыуэ хэзыщІыкІ ІэщІагъэлІхэм зэпеуэм ирагъэхьыну нэтынхэр зэрагъэхьэзырынум теухуа вебинархэр ирагъэкІуэкІ.

Зэхьэзэхуэм и зы Іыхьэщ «Фотофлешмоб «МЫ» Іуэхур. Абы хыхьэу зэхуахьэсынущ Урысейм щыпсэу лъэпкъ лІэужьыгъуэхэм я нэхэр къыщыгъэлъэгъуа сурэтхэр. ИужькІэ абыкІэ видеонэтын гъэщІэгъуэн зэхагъэувэжу ИнтернетымкІэ, щІыналъэ, федеральнэ телеканалхэмкІэ зэбграгъэкІыну я мурадщ Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм «и теплъэр» къыщыгъэлъэгъуауэ. Зэхьэзэхуэм хэтхэм цІыху щхьэхуэхэм я нэхэр ину къищу сурэт трахыу къызэгъэпэщакІуэхэм хуагъэхьын хуейщ, а нэр зейр зыщыщ лъэпкъыр къагъэлъагъуэу. Ар wekonkurs@gmail.com пощтымкІэ ирагъэхь хъунущ, «Фотофлешмоб МЫ-2021» жиІэу щхьэхуэу къыхэгъэщауэ.

«МЫ» проектыр къыхэзылъхьахэм я къалэн нэхъыщхьэр - Урысейм ис лъэпкъхэр нэхъри зэкъуагъэувэнырщ. «Абы и фІыгъэкІэ гъунэгъу лъэпкъхэм я щэнхабзэм теухуауэ нэхъыбэ зэдгъэщІэфынущ, Урысейм ис лъэпкъхэм я теплъэр дуней псом щыдгъэлъэгъуэфынущ», - жиІащ проектыр зи жэрдэм Данн Николай. - Къыхэгъэщыпхъэщ иджыпсту Урысейм лъэпкъ лІэужьыгъуи 190-м щІигъу зэрыщыпсэур. Мыконкурс.рф сайтымкІэ зыхэбгъэгъуазэ хъунущ 2010 гъэм ирагъэкІуэкІа къыхэтхыкІыныгъэм тету лъэпкъ щхьэхуэр зэрыхъу бжыгъэм теухуауэ къыщыхьахэм. Апхуэдэу лъэпкъхэм ящыщ цІыху щхьэхуэхэм я сурэтхэри зэхуахьэсащ.

Лъэпкъ видеонэтынхэмкІэ «МЫ» зэпеуэр къызэрагъэпэщащ «Иджырей гъуазджэхэмкІэ федерацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Ноль Плюс» онлайн-кинотеатрым, лъэпкъ ІуэхухэмкІэ федеральнэ агентствэм. Зэхьэзэхуэр Урысей Федерацэм и Президентым и грантым къыпэкІуа ахъшэ саугъэтымкІэ ирагъэкІуэкІ.

Лъэпкъ видеонэтынхэмкІэ «МЫ» урысейпсо зэхьэзэхуэм теухуа тхыгъэхэм нэхъ зыубгъуауэ зыщывгъэгъуазэ хъунущ мыконкурс.рф сайтым.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

● Банк Іуэхухэр

# Уи дзыхь нэхъ зэбгъэз хъунухэм ящыщщ

**Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу кърикІуахэр щызэхалъхьэжым, наІуэ къэхъуащ ди цІыхухэм абдежым щахъумэ ахъшэр сом меларди 7,4-м зэрынэблэгъар.**

ДЫЗЭРЫТ илъэсым зэрыщІидзэрэ, ди щІыналъэм и цІыхухэм зи гугъу тщІы хъумапІэм сом мелуан 876-м нэблагъэ ахъшэу халъхьащ. А бжыгъэр гъэ блэкІам и апхуэдэ пІалъэм кърикІуам нэхърэ сом мелуан 354-кІэ нэхъыбэщ.

Дызытепсэлъыхь банкым мы зэманым, псори зэхэту, я ахъшэхэр щаІыгъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цІыхухэм ящыщу мин 34-м щІигъум.

Зэрынэрылъагъущи, Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм и клиентхэм нэхъ къыхахыр, Іуэхутхьэбзэ щІыкІэу къызэдалъытэу, ахъшэр ущыхуейм и деж хэплъхьи къыхэпхыжи здэхъу депозитхэрщ. Апхуэдэхэм ящыщу нэхъ щІэупщІэ зиІэр «Доходный» зи фІэщыгъэрщ.

«ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ахъшэ зиІэм дежкІэ ар щихъумэну, щигъэбэгъуэну и дзыхь нэхъ зригъэзынур банкхэм ящыщу цІыхухэр нэхъ зыхуэарэзырщ, узыщыгуфІыкІыфын хуэдиз пщалъэхэр къыхуэзыгъэлъагъуэрщ, - къыджиІащ «Мэкъумэшбанк» АО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

2000 гъэм зи лэжьыгъэр зыубла Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэр - ди къэралым и Мэкъумэш-промышленнэ комплексыр, кредит-финанс щІыкІэм тету, мылъкукІэ къызэгъэпэщыным хуэлажьэ ІуэхущІапІэ нэхъыщхьэщ. Ар, активрэ капиталу иІэхэмкІэ, къэралым и ахъшэ хъумапІэ нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм хабжэ, зэпІэзэрытагъэу къигъэлъагъуэмкІи уи дзыхь нэхъ зэбгъэз хъуну банк нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ.

**БЭРАУ Бышэ.**

# Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 24, *щэбэт***

♦**Уи щхьэ ухуэсакъыжыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапІэ Кадастр инженерым и махуэр**
♦**УФ-м и Сату ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ**
♦**Удз гъагъэхэмкІэ ІэщІагъэлІхэм я махуэщ**
♦**1790 гъэм** Франджым и ипщэкъухьэпІэ лъэныкъуэм, Барботан къалэ цІыкІум пэмыжыжьэу, къыщехуэхащ вагъуэижыпкъ (метеорит). ЩІым къытехуауэ дунейпсо тхыдэм япэу иратхар аращ.
♦**1937 гъэм** Америкэм и штат Зэгуэтхэм щыщ кхъухьлъатэзехуэ Эрхарт Амалие кхъухьлъатэкІэ япэу Атлантикэ хым щхьэпрылъэтыкІащ.
♦**1938 гъэм** псым занщІэу хэткІухь кофе хьэжар къагупсысащ.
♦**1942 гъэм** нэмыцэдзэхэм Дон Іус Ростов къалэр яубыдащ икІи Кавказыр къэзэуным яужь ихьащ.
♦**1945 гъэм** СССР-м, США-м, Инджылызым я къэрал унафэщІхэр хэту Потсдам конференцыр щекІуэкІыу, Америкэм и президент Трумэн Гарри Сталин Иосиф къыжриІауэ щытащ иджыри къэс зыми имылъэгъуа Іэщэ лъэщ зэращІар. Абы зи гугъу ищІар атом бомбэрат.
♦**1956 гъэм** ягъэтІылъащ физикхэм я къалэу къалъытэ Дубнэ и лъабжьэр.
♦**1956 гъэм** щІэныгъэлІхэм я хэщІапІэ нэхъыщхьэу къалъытэ Обнинск къалэ хъуащ.
♦Франджы тхакІуэ, драматург **Дюма Александр** (адэр) къызэралъхурэ илъэс 219-рэ ирокъу.
♦Урыс революционер, тхакІуэ, философ, критик **Чернышевский Николай** къызэралъхурэ илъэси 193-рэ ирокъу.
♦Адыгэхэм я макъамэ Іэмэпсымэхэр щІыным хуэІэзэу щыта **Ойберман Владимир** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Композитор, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Даур Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Къэзан Хьэмзэт** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Урысей актрисэ, уэрэджыІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Мирошниченкэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, критик, литературэдж, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъут Іэдэм** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Узбекистаным и президент **Мирзиёев Шавкат** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
♦Урысей хоккеист цІэрыІуэ, дунейпсо чемпионатхэм тхуэнейрэ, Олимп Джэгухэм тІэунейрэ я чемпион, Урысейм щІыхь зиІэ и тренер, УФ-м хоккеймкІэ и командэ къыхэхам и гъэсакІуэ нэхъыщхьэу щыта **Быков Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.
♦Адыгейм щыщ усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Хъунэгу Саидэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 25, *тхьэмахуэ***

♦**УФ-м и Дзэ-Тенджыз флотым и махуэщ**
♦**УФ-м СледствиемкІэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэщ**
♦**Урысейм псым къулыкъу щезыхьэкІ и полицэм и махуэщ**
♦**Белоруссием и мафІэсгъэункІыфІ ІуэхущІапІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**
♦**Белоруссиемрэ Украинэмрэ я сату ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**
♦**1472 гъэм** шэрджэс кхъухь 24-рэ тенджыз ФІыцІэм зэпрыкІри, Тыркум теуауэ щытащ.
♦**1567 гъэм** Венесуэлэм и къалащхьэ Каракас и лъабжьэр ягъэтІылъащ.
♦**1942 гъэм** щІидзащ Кавказым папщІэ екІуэкІа зауэм. Советыдзэхэмрэ нэмыцэхэмрэ абы папщІэ зэпэщІэтащ 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25 щегъэжьауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9 пщІондэ.
♦**1943 гъэм** Прохладнэ - Налшык гъущІ гъуэгур зэфІэгъэувэжыныр зэфІэкІащ.
♦**1946 гъэм** США-м псы щІагъым (Бикини атоллым деж) щагъэунэхуащ атом Іэщэм и лъэщагъыр.
♦**1947 гъэм** Чехием и къалащхьэ Прагэ къыщызэІуахащ щІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я 1 дунейпсо фестивалыр.
♦**1984 гъэм** дунейм щыяпэу цІыхубз-космонавтыр хьэршым хыхьащ. Ар зыхузэфІэкІар совет космонавт Савицкая Светланэщ. «Салют-7» кхъухьым икІри, ар хьэрш зэІухам хыхьащ.
♦**1992 гъэм** Барселонэ къалэм (Испание) къыщызэІуахащ XXV гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр екІуэкІащ бадзэуэгъуэм и 25 - шыщхьэуІум и 9-хэм.
♦Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, юстицэмкІэ министру, депутату, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьикмэт (МафІэдз) Умар** къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.
♦КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Ахъмэт Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, кинорежиссёр, актёр цІэрыІуэ, РСФСР-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шукшин Василий** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Адыгейм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хъут Шэмсэдин** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Публицист, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Аттаев Жэмал** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦АР-м и къэрал лэжьакІуэ, журналист, политикэ щІэныгъэхэм я доктор **КІэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Географие щІэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Болэ Владислав** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
♦АР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.
♦Боксёр, Олимп джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа **Хърачэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 26, *блыщхьэ***

♦**Эсперантэ бзэм и махуэщ**. 1887 гъэм Варшавэ (Польшэ) урысыбзэкІэ къыщыдэкІащ эсперантэ бзэр зэрырагъэджыну япэ учебникыр.
♦**Урысейм щагъэлъапІэ парашютистым и махуэр**
♦**1770 гъэм**, Урыс-Тырку зауэм и зэманым, генерал Репнин Николай зи пашэ дзэм Измаил быдапІэр къащтащ.
♦**1805 гъэм** Везувий вулканыр къибыргъукІри, Неаполь къалэм и зэхуэдитІым нэхърэ нэхъыбэр зэтрикъутащ. А гузэвэгъуэм цІыху мин 26-м нэблагъэ хэкІуэдауэ щытащ.
♦**1946 гъэм** Москва къыщызэІуахащ СССР-м ФинансхэмкІэ и министерствэм и Гознак управленэм и типографиер. Иджыпсту ар УФ-м ФинансхэмкІэ и министерствэм и Гознакым и типографиерщ, урысей ахъшэхэр щытрадзэрщ.
♦**1953 гъэм** Кубэм цІыхухэр къыщызэрыІэтащ, Батистэ Фульхенсио къэралым щызэрихьэ залымыгъэхэр ямыдзу. Лъэпкъ зэщІэхъееныгъэм и пашэр уэчыл щІалэ Кастрэ Фидельт. ТекІуэныгъэр къахьа иужькІэ ар Кубэм и унафэщІу щытащ илъэс 30-м щІигъукІэ.
♦**1957 гъэм** СССР-м дунейм щыяпэу гъуэгуанэшхуэ зэпызычыф баллистическэ ракетэр иутІыпщащ.
♦**1963 гъэм** Горький дэт автозаводым щызэпкъралъхьащ хьэлъэзешэ автомобиль лІэужьыгъуэщІэр - «ГАЗ-53»-р.
♦**1963 гъэм** Югославием и Скопье къалэм щІыр щыхъейри, ухуэныгъэ куэд зэтрикъутащ, цІыху миным щІигъуи хэкІуэдащ.
♦**1971 гъэм** СССР-м и кинотеатрхэм гъэлъэгъуэн щыщІадзащ «Офицерхэр» фильмыр. Совет кинематографым и ехъулІэныгъэшхуэу, абы и дыщэ гъэтІылъыгъэхэм ящыщу иужькІэ къалъыта фильмым цІыху мелуан 53-рэ еплъащ. Фильмым ди зэманми мыхьэнэшхуэ зэриІэм и щыхьэту, абы хэт лІыхъужь нэхъыщхьэхэм 2013 гъэм Москва фэеплъ щыхуагъэувауэ щытащ.
♦**1993 гъэм** Урысейм пщІэ щамыІэж хъуащ СССР-м къыщыдагъэкІа ахъшэхэм. 1961 - 1992 гъэхэм зекІуа совет ахъшэхэм я пІэ къиуващ урысей сомыр.
♦Инджылыз тхакІуэ, драматург, Нобель и саугъэтыр зрата **Шоу Бернард** къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Опрышкэ Олег** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-мрэ ЩІДАА-мрэ я академик **Къумахуэ Мурадин** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.
♦Тыркум щыщ актёр, сценарист, тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Онер Четин (ГъуэгулІ)** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бицу Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакІуэ, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщІу щыта **Къардэн Алик** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Урысей къэрал къулыкъущІэ, политик **Кириенкэ Сергей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ актрисэ цІэрыІуэ, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Баллок Сандрэ** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Іэщын Руслан** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**ЛІы и псалъэ епцІыжыркъым.**

# ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ



● Нарт тхыдэжь

## Нарт Ермыдэ иныжьхэр зэриукІар



НАРТХЭМ ящыщу зы щІалэ гуэр щыІэт Ермыдэкlэ еджэу. Абы хуабжьу фlэфlт щэкlуэн. Зы махуэ гуэрым щакlуэу мэзым щIэту зы мэз бжэн гуэр къыхэжащ. Бжэным еуэри хутегъэхуакъым, етlуанэуи еуэри техуакъым. Щымыхъум, зэгуэпауэ Ермыдэм мэз бжэныр ирихужьащ. Ар Іэджэри зэрихуаи! Сытми бжэныр къыхуэмыубыду икlи къыхуэмыукlыу зэрихуэурэ, зэрихуэурэ зы жылэ гуэрым дэлъэдащ. Ермыдэр а жылэм дэлъадэри бжэныр игъуэтыжакъым, фlэкlуэдащ.

Зыдыхьа жылэм зыкъомым я хьэдагъэщ, зыкъомым я гуфlэгъуэщ, Ар апхуэдэу щIыщытыр зэригъэщIэну, зэупщIын имыгъуэта щIыкlэ, бжэныр зы щIыпIэкlэ кlуэцIрыжу илъэгъуащ. Ирихужьэжри зы унэ гуэрым бжэныр щIэлъэдащ. Ермыдэ псынщIэу шым зыригъэлъэтэхри, унэм кlэлъыщIэлъэдащ. ЗыщIэлъэда унэм бжэныр щилъагъуркъым, абы и пІэкIэ илъагъур зы лIышхуэ гуэр уIэгъэу щэIуу пlэм хэлъу аращ. Сымаджэм сэлам ирихри Іихащ. «ТIыс!» - къыщыжриІэм, Ермыдэ тIысын имыдэу жиІащ:

- Сэ хьэщIакlуи, щIэупщIакlуи сыкъэкlуакъым. СыкъыщIэкlуар си бжэн мы унэм къыщIэлъэдауэ аращ. Дэнэ здэкlуар си бжэн мыбы къыщIэлъэдар? Къэгъуэт иджыпсту, узмыукl щIыкlэ!

- Бжэнри бгъуэтыжынщ, моуэ етIысэх зэ, - къыжриIащ сымаджэм.

Абы хэту зы хъыджэбз дахэ дыдэ къыщIыхьащ унэм. Абы сэлам кърихщ Ермыдэми къыжриIащ:

- Унэм къыщIэпхуа бжэныр сэращ. Сэ сынакlуэри укъэсшащ, Ермыдэ, гузэвэгъуэ сиIэти укъыздэIэпыкъуну сыпщыгугъыу. Уэ у-Ермыдэщ, уи хъыбар зэрызэхэсхымкIэ, улей щIэмыгъакlуэщи, дэ лейуэ къытлъысар бжесIэмэ, си гугъэщ укъыздэIэпыкъуну. Аращи, мы хэлъыр уIэгъэщ, си анэ къилъхуауэ си дэлъхущ. Мыр ебланэрщ. Дэлъхуибл сиIэти, иныжьхэм Іуэху сыкъащIри, хыр срамыгъэхьурэ къаукIащ. Къэнэжар мы зы закъуэр арати, мыри къауІауэ мис хэлъщ, уолъагъупэ. Абы адэкIэ, мы жылэм я цIыху дэкl мыхъуу, дэкIамэ яукIыу, е яхьу щытщ. Жылэм дэкIар къыдыхьэжым, зейр мэгуфIэ, къыдэмыхьэжым, зейр магъ. Арaщ зыкъомыр гуфIэу, зыкъомыр пыхьэу щIыщытыр. Иджы мы бэлыхь къомыр жылэм тщхьэщызыхыфын, дилъ зыщIэжыфын щыIэкъым, уэ зыр мыхъумэ. Уэ къытхуумыщIэIамэ, жылэ кIуэдыр къытхуокIуэ. ЦIыху хуэдэ цIыхуи жылэм къыдэнакъым. ЯIащIэкlуэдащ а иныжь гъуамэхэм.

- Иныжьхэр дапщэ хъурэ? Дэнэ зыщыпсэухэр? - жери Ермыдэр еупщIащ хъыджэбзым.

- Иныжьхэр зэрыхъур щыщ. Зыщыпсэуэр мо мэзым адэкIэ щыIэ бгыхурщ. Абы ущIэкlуэни щыIэкъым. Езыхэр сэ къызощэри мыдэ мэз лъапэм жэщми-махуэми щыIэ зэпытщ.

Ермыдэ Іуэхур зэрыщытыр къанэ щымыIэу къыщищIэм, и шыр зэщIикъузэри дэшэсыкlащ. Ауэрэ мэз лъапэр щIищыкIыурэ къыздикlухьым, зы иныжьым щрихьэлIащ абдеж, дэп мафlэшхуэм къешэкIауэ жейуэ щылъу. Ермыдэ куэдрэ гупсысакъым, дахэ цIыкlум хуэдэу, и сэшхуэр кърихри зишэщIщ аби, еуэри иныжьым и щхьэр пиупщIащ. Щхьэр пымытыжу къыщылъэтауэ къыздижыхьым, мо дэп Іуащхьэшхуэ щылъым хэджалэри, и щхьэр къанэри и пкъыр абы хисхьащ.

- Ар зы, - жиIэщ, Ермыдэ и шым шэсыжри еуэри ежьэжащ. Здэкlуэм плъэри, мафlэ нэху гуэрыр илъэгъуащ. А мафIэм хуэкlуэу кlуэри ар, япэрейм хуэдэ къабзэу, иныжь етlуанэр арати, щылъщ. Ари япэрейр зэриукIам хуэдэ къабзэу иукIащ.

- Ар тlу, - жиIэщ, и шым шэсыжри, Ермыдэр ежьэжащ. НэгъуэщI зыхуэзэ щымыIэу нэху щащ. ИтIанэ мурад ищIащ иныжьхэм я псэупIэу хъыджэбзым къыжриIам кlуэну.

Ежьэри, кlуэм-кlуэурэ, хъыджэбзым зи гугъу ищIа бгыхум нэсри, псэупIэ гуэрхэр къилъэгъуащ. Абы хуэкlуэ лъагъуэм тету кlуэурэ, нэсмэ - лъагэу къэщIыхьауэ, дыхьэпIи дэкIыпIи имыIэу пщIантIэм унэ лъагэ бэлыхь дэту хуэзащ. Дэмыхьэфу куэдрэ елIэлIа нэужь, сытми ерагъкIэ щхьэпрыпщри, пщIантIэм дыхьэщ абыи, унэм щIыхьащ.

ЗыщIыхьа унэм уазэреплъыныр умыщIэу цIыхубзитI щIэсти, къыщылъэтри зыкърадзащ. Ар зищIысыр имыщIэу Ермыдэр тIэкlурэ Іэнкунащ, ищIэныр имыщIэу. ИтIанэ цIыхубзитIыр икlуэтыжри, къеупщIащ:

- Уэ у-Ермыдэу пIэрэ? - жаIэри.

- Сэ сы-Ермыдэщ, ауэ фэ фысыт лъэпкъ, щхьэ си цIэри фщIэрэ фэ?

- Дэ дыцIыху цIыкlущ, мыбы дыкъахьащ иныжьхэм. Иныжьхэр зэшищ мэхъу. Дэ тIум дырафыз зырызщ, зым цIыхубз иIэкъым. А цIыхубз зимыIэм къыхуагъуэтыху къемыкlуэлIэнхэу унафэ зэхуащIыжати, ар имыдэу зы къахэкIри, ар адрей тIум яукIыжащ. Иджы къэна тIури тхьэмахуибл мэхъури здэщыIэр тщIэркъым. Абыхэм зыгуэр къащыщIауэ къыщIэкIым, дыдэмыкIыфу мы пщIантIэм дыдэлIыхьынущ жыдоIэри догузавэ. Уи цIэр абыхэм жаIэурэ зэхэтхащ, Ермыдэ мыхъу мыбы къэкlуэфын, дэ къытпэлъэщын щыIэкъым, - жаIэуи укъызэрыкlуэфам щхьэкIэ уэ умы-Ермыдэми у-Ермыдэ тфIэщIауэ арaщ.

- АтIэ, Ермыдэр сэращ. ИныжьитIыр сэ сыукIащ, ещанэм сылъыхъуэурэ мыбы сыкъэсащ. Мы щIыпIэм сэ фисшыжынщ. Къафщтэ мыбыхэм хъарзынэу яIэхэм щыщу фызыхуейр. А иныжьхэм Іэджэ хъарзыни яIэу къыщIэкIынти, къахуэщтэр къащтащ. Къежьэжри, къыщысыж я пIалъэу къэкlуэжахэщ.

ХъыджэбзитIыр зейм я деж кlуэжащ. Ермыдэ япэм зыхуэза хъыджэбзыр щхьэгъусэ ищIащ. Къэкlуэжри, зыщалъхуа жылэми тхъэжу псэууэ тIысыжащ.

## Акъылымрэ къарумрэ

● Таурыхъ

ЕУЭРИ, жеIэ, Тхьэм псэущхьэу щыIэр къигъэщIри, насыпыр яхуигуэшу хуежьащ: бдзэжьейм псыр иритащ, къуалэмрэ бзумрэ хьэуамкIэ яхуэупсащ, хьэпщхупщхэм щIы щIагъыр яхуигъэфэщащ, хьэкIэкхъуэкIэм мэзыр яхухихри, итIанэ мыр яжриIащ:

- Иджы, си псэм хуэдэхэ, насыпым я нэхъыщхьэу тIу къэнащ, - жи, - къарумрэ акъылымрэ. Ахэр фэ къыфхузогъанэри, вгуэшыж! - жиIэщ, акъылымрэ къарумрэ зы хъуржыным илъу къахуидзри езыр уафэм дэкIуеижащ.

Аслъэным хъуржыныр итIатэри, илъыр къригъэлъэлъащ. Зэпиплъыхьщ - къызэпиплъыхьри, къарур игу ирихьати, езым къызыхуигъэнащ. Акъылри къызэпиплъыхьщ - нызэпиплъыхьри игъэпIиящ:

- Мыр хэт еттыну? - жиIэри.

- Нэхъ тхьэмыщкIэм ет! - жаIэ.

Аслъэным зиплъыхьри, ЦIыхум нэхъ тхьэмыщкIэ илъэгъуакъым: хэт мэлъатэ, хэт йос, хэт жэрщ, хэт шэрэз иIэщ, хэт щIы щIагъым щIэсщ; ЦIыхум зыри иIэтэкъыми, акъылыр абы хуидзащ:

- Мэ, тхьэмыщкIэ, нэгъуэщI мыхъуми, зрипхъумэжынщ! - жиIэри.

- Ущымыуэ, Аслъэн, ЦIыхум акъылырлъысмэ,дыпэлъэщыжынкъым: езыр тшхыным и пIэкIэ дэ дишхынщ, - жаIэ псэущхьэхэм.

- Фымыгузавэ, - жи, - фи жагъуэ къищIу хуежьэмэ, мыдэ си деж фыкъакIуэ: къарум къыпэлъэщын сыт щыIэ, ар сэ къысхуэнащ.

Арати, псэущхьэхэр зэбгрокIыж. Ауэрэ макIуэ. Махуэ гуэрым ТхьэкIумэкIыхьыр къокIуэ Аслъэным деж:

- Дипщ, - жи, - акъылыр зылъыбгъэсам дигъэпсэужыркъым, къапхъэнкIэ дыкъеубыдри, дешх: къытщхьэщыж!

- Іау, нтIэ абыи зыгуэр ишхын хуейкъэ! - жи Аслъэным, езыми лы зэрыфIэфIыр ищIэжырти.

ИтIанэ Бажэр къокIуэ:

- Дипщ, - жи, - лей къыттохьэ: цIыхум дыкъеубыдри, ди фэр трехри, джэдыгу ещI.

- Умыгузавэ, сэ сыхурикъунщ абы, - жеIэри ари Іуегъэкlыж. КIэщIу абы къыкIэлъокIуэ Дыгъужьыр:

- Зиусхьэн, - жи, - дыгъуэгыурэ ЦIыхум акъылыр ептащи, дыпэлъэщыжыркъым: Іэщыр зыIэщIиубыдащи, дигъэшхыжыркъым.

- Сэ абы хуэфI сыхъунщ! - жеIэри Аслъэныр къожьэ. КъакIуэмкъакIуэурэ, ЦIыхум джыдэ ищIарэ пхъэ пиупщIу кърохьэлIэ. Сэ абы езгъэлъагъунщ къару жыхуаIэр жери, къыбгъэдохьэ:

- СлIо, хьэмэ къилъхуа, хьэкIэкхъуэкIэр щIызэтебукIэр? - жи. - Иджыпсту узэпкърыстхъынщи узэIурыслъэфынщ!

ЦIыхум ауан къещI Аслъэныр:

- Сыту у-Аслъэн делэ, - жи, - уэ!

- Сыт делэ жыхуэпIэр? Сэ усшхыну сыкъэкIуащ, къыбгурыIуа?

- КъызгурыIуащ, - жи ЦIыхум, - ауэ уэ дауэ узэрыпсэунур итIанэ? Уэ бийуэ уиIэр зихуэдизыр пщIэжрэ? Бжьэр мыщэм ежэмэ, иращIэр плъэгъуа? Уэ уи бий къомыр къожэмэ, дауэ зыпхъумэжыну?

Аслъэныр Іэнкун хъури пхэщIкIэ тIысащ:

- Дауэ? - жиIэри.

- Зи дауэращ, - жи ЦIыхум, - уи бийхэм укърахужьэ хъужыкъуэмэ, ахэр зыпэмылъэщын гъэпщкIупIэ пхуэсщIу аращ сэ. Уэ сэ сыпшхыну жоIэ, сэ сыпшхмэ, хэт уэ быдапIэ пхуэзыщIыфынур?

Аслъэныр игъэгупсысащ ЦIыхум къыжриIам.

- Упсэу! - жиIэри къехъуэхъуащ, дахэ къыжриIэжащ. - ЩIы, нэхъ быдэIуэу щIы уэ! - жери.

ЦIыхур еувалIэри, бжэ хэлъу гуэн быдэ ищIащ.

- Дауэ къыпщыхъурэ уи быдапIэр, Аслъэн? - жи. - Мыбы уипщхьэжмэ, зыгуэр къыппэлъэщын?

- Уэлэхьэ, къыспэлъэщын хуэмей! - жи мыдреими.

- Къихьи, еплъыт тыншрэ мытыншрэ!

Аслъэныр гуэным ипщхьащ.

- Еуэй! - жери ЦIыхум гузавэ хуэдэ зещI. - ЦIыкIуIуэ хъуащ, уи кIэр къощ.

Аслъэным и кIэр зыкIэщIеупщIэ, ЦIыхум гуэныбжэр егъэбыдэж.

- Дауэ къыпщыхъурэ уи быдапIэр? - мэдыхьэшх ЦIыхур. Аслъэныр адэкIэ йоуэ, мыдэкIэ йоуэри пэлъэщыркъым.

- Уэлэхьэ, быдэу пщIам! - жи.

- НтIэ, сщIамэ, ис, уилIыхьыху! - жи ЦIыхум. - Уи гугъати къарум нэхъ лъэщ щымыIэу! СлIо иджы уи къарум и щхьэпэжыр?

КъыгурыIуащ Аслъэным акъылыр къызэрытекIуар. Гъуахъуэу щIидзащ:

- Уэуэуэхь, ЦIыхум сеукI! - жиIэу. - Сыкъевгъэл, фыкъыздэIэпыкъу!

АрщхьэкIэ Аслъэным текIуам хэт пэувыжынт - псори зэбгрыжащ.

● Хъуэжэ и гушыIэхэр

### Алыхьым мащIэ къуитми зэгъэзэгъ

ХЪУЭЖЭ тхьэмыщкIэти, Алыхьым елъэIуащ, жи:

- Дунейр зэлъэIуу зым емылъэIуж, уэ сытри пхузэфIокI, зы тумэнипщI къудей къызэт! - жиIэри. - Уэ уи дежкIэ ар зырикIщ, сэ си дежкIэ мылъкущ. Ауэ зы сом чэму къыпIысхынукъым.

- Ар Хъуэжэ и гъунэгъу беижьым зэхихри щIэдыхьэшхыкIащ, сеплъынкъэ сом чэму къеIыпхрэ къыIуумыхрэ, жиIэщ абыи, тумэнибгъу зэкIуэцIишыхьри, уэнжакъымкIэ къридзащ. Ахъшэ зэкIуэцIылъыр, «бырф» жиIэу, жьэгум къыщыдэхуэм, Хъуэжэ къипхъуатэри ибжащ: зы тумэн чэмт.

- Мыпхуэдизу ущыжумартым, тумэныжь закъуэм щхьэ ущысхьыжа? - жиIэри, ахъшэр Хъуэжэ и жып ирилъхьащ. - Сыпхуэарэзыщ, ди Тхьэ, уэлэхьи, сом фIэкIа къыумыдзыхами, зытезмыгъэгусыхьынт!

Абы хэту беижьыр къожэкI:

- Си ахъшэр къызэтыж! - жеIэри.

- Сыт ахъшэ?

- НетIэ уи жьэгум къыдэздза тумэнибгъур! Ар узгъэунэхуну арат къыщIыдэздзар.

- Уэлэхьэ, си гъунэгъужь, уэ ахъшэм уриджэгуу уимыхабзэ, сэ Алыхьым къысхуридзыха ахъшэр уэ абыкIэ сIэщIумыгъэкIын! - жиIэри иритыжакъым.

Хэт и ІэкIэ къуитами, Тхьэм къуитам арэзы техъуэ икIи зыIэщIумыгъэкI: гуэныхьщ.

### Дыгъур зыкIи мыкъуаншэу пIэрэ?

ХЪУЭЖЭ ерагъкIэ зригъэпэщауэ витI иIэти, витIыр ядыгъуауэ нэху къекIащ. Бынунэр зэхэгъуагэу Іуэм деж щытщ, гъунэгъухэр къызэхуэсауэ мэшхыдэри уафэм сабэр драпхъей. Къэхъуар щыжраIэм, Хъуэжэ къэтэджщ, зитхьэщIщ, шхэри итIанэщ къыщыщIэкIар. «Тхьэм къыщIимыгъанэкIэ!» - жаIэу къыхуэгузэвэным и пIэкIэ, гъунэгъухэр Хъуэжэ къеушхыдэу щIадзэ:

- Сыт хьэдэгъуэдахэ, узэрыпсэуну уи витIыр ядыгъуарэ пэт ушхэу щхьэ ущыса? - жаIэ, зыкъыхуагъэгусэ. - Уэ нэхърэ дэ дынэхъ гузэвапхъэ!..

Ирагъэлей щыхъум, Хъуэжэ зыкъетIатэри:

- Уа, фыхьэлэмэтщ фэ: сымышхэу сыкъыщIэжамэ, витIыр къыкъуэкIыжыну пIэрэт? - жеIэ.

- А зи унагъуэрэ, дэ къомыр дымышхэу дыкъыщыжакIэ, уэ дауэ ушхэу узэрыщысынур?

- Уэращ къэхъуар зи лажьэр: жэщкIэ укъыщIэкIыурэ щхьэ уакIэлъымыплъарэ?

- Пхуэфащэщ, къыщыпфIэмыIуэхукIэ!

Хъуэжэ зегъэкIэрахъуэ-зыкъегъэкIэрэхъуэж, зэ зым дежкIэ зегъазэ, зэ адрейм дежкIэ маплъэ, жиIэнур ищIэркъым. Модрейхэр увыIэркъым, мэхъущIэ:

- Арэфым хуэдэу укъуаншэщ!

- Бынунэр тхьэмыщкIэ пщIащ!..

Псоми жаIэнур жрегъэIэ абыи, итIанэ Хъуэжэ подыхьэшхыкI, хуэмышэчыжыххэу къыщеудри:

- Ярэби, - жи, - дыгъур зыкIи мыкъуаншэу пIэрэ?

Гъунэгъухэр, хэти зигъэгусауэ, хэти укIытауэ, зэбгрокIыж, шэсу лъэужь зыхуни къахэмыкIыу.

### Кхъуэл сшхынщи, хьэблэм фи напэр тесхынщ...

ЗЫ ХЬЭБЛЭ гуэрым зы Хъуэжэ дэст, лIы дахэшхуэу. А Хъуэжэр фызабэ гуэрым кIэлъыкIуэу къахутэри, уэрэдрэ Іуданэу хахьэжащ. Ар и фызым деж щынэсыжым, зигъэгусэри икIыжащ. ЩикIыжым, мо Хъуэжэ хуэдэр гузавэри, хьэблэ нэхъыжьхэр зэхуишэсащ, мэл яхуиукIри. Нэхъыжьхэм япэщIыкIэ мэлыр яшхри, итIанэ бысымым къеупщIащ:

- Сыт щхьэкIэ дыкъебджат? - жаIэри.

- Си щхьэгъусэ щIэпхъуэжам фысхуеущиеу къевгъэгъэзэжыну арат сызэрывэлъэIунур?

- Іэу, сыт напэр диIэу деущиен, уэ къэпкIухьу уежьэжри хьэблэр дыбгъэукIытауэ! Уэлэхьэ, мыхъун, - жаIэри ядакъым лIыжьхэм.

- Унагъуэкъутэ сывмыщI, Тхьэм и хьэтыркIэ фысхуелъэIу! - жиIэ щхьэкIэ къыхуадакъым.

Къыщыхуамыдэм, сыткIи къыщыхутемыгъэхьэм:

- Е къысхуэфшэжынщ, е кхъуэл сшхынщи, хьэблэм фи напэр тесхынщ! - жиIэри япиубыдащ, жи.





● Джэгу усэ-къебжэкI

## Бабыгухэ я нысашэ уэрэд

Ди нанэжьыр БабыкIуни (вар.: Ди нанэжьыр БабыкIунэмэ япхъуи), рэ-тIэ,
БабыкIунэхэр зэлъэзэрыщи, рэ-тIэ,
ЕщыкIунэгъуищэр ящIыгъуи, рэ-тIэ,
Зэщэзэбищэхэри къоджэри, рэ-тIэ,
Къаджэхэр шу тэрэмэтэси,
Къутас дахэхэм йощэри, рэ-тIэ,
Щагъындакъ минхэри къагъауэ,
Уагъэ минищэхэр зэпалъхьэ,
Зыщымысхьыжыхэуи падыкIри,
КIэш и къуэхэри къыхахи, рэ-тIэ,
Банокъуэ жылэхэми щопсыхи, рэ-тIэ,
Емыпсыхыжхэр шууаджи, рэ-тIэ,
Шэджэрей пщащэхэр Іэнэгъэуджи, рэ-тIэ,
Нэгъуей шукIэсхэр ди щхьэгъэрыти, рэ-тIэ,
БабыкIунэ нанэхэр мэхъуахъуи, рэ-тIэ,
КIэш я щIалэгъуалэхэр хъуэрыбзи, рэ-тIэ,
БеслъэнеибзэкIэ зэпалъхьи, рэ-тIэ,
Ди нанэжьыр БабыкIуни, рэ-тIэ,
БабыкIунэ-нанэри къыхаши, рэ-тIэ,
Зэшэсэкъуэ гуимэм къыраши, рэ-тIэ,
Къулыуцынэ лъэгухэр хуаубгъуи, рэ-тIэ,
БабыкIунэ пхъужьхэр и бгъуитIи, рэ-тIэ,
Іэщхьэтхьэмпэ тIурэр хуэтIатIэщ, рэ-тIэ,
ТIатIэ-дахэм и тхыпхъэри
БабыкIунэ дадэхэм я плъапIи, рэ-тIэ,
Уэ и напIэхэр егъэджэгу, рэ-тIэ,
Уэ и Іэгухэр зэрехьэ, рэ-тIэ,
Уэ и лъэхэр зэблех, рэ-тIэ,
Уэ хьэлыуэ Іэнэр хузэблах, рэ-тIэ,
Уэ дэлъху уасэхэр къырах, рэ-тIэ,
Уэ зыщымысхьыжыхэуи ящэхуж, рэ-тIэ!
КIэш и къуэхэр бжьыхьэ къырыби, рэ-тIэ,
Къырыбэ папцIэхэр я тажи, рэ-тIэ,
ЛъэпэцIыуэ екIухэри къыщащI, рэ-тIэ,
ЛъэпэцIывэ псынщIэхэри къыхатIэ, рэ-тIэ,
ТIатIэ-дахэхэри къадощIэ, рэ-тIэ,
Уэ зыми емыщхьэхэуи йокIуэкI, рэ-тIэ,
Уэ щIэкIэрэхъукIищэхэри къахуещI, рэ-тIэ!
БабыкIунэ-нанэхэри мэгуфIэ, рэ-тIэ,
ГуфIапщIэ дахэхэри къыщет, рэ-тIэ,
Іэнитолэ тобэхэри гукъашэщ, рэ-тIэ,
СэрэхьэлыгъухэмкIи мэгуашэ, рэ-тIэ,
Шэджэрей щIалэхэр мэубзэ, рэ-тIэ,
Бзухъанхэри къегъажэ, рэ-тIэ!
Къэбэрдей хьэжрэтхэри къожэс, рэ-тIэ,
Сэрымищэ тойкIэ къахохьэ, рэ-тIэ,
Тхьэджэд ІэнищэкIэ къоблагъэ, рэ-тIэ,
Жыжьэу къоудж, рэ-тIэ,
Благъэу мэуджэраджэ, рэ-тIэ,
БабыкIунэ-нанэри уэ къопцIэ, рэ-тIэ,
ПцIы хьэлыуэ ІэфIхэри къыщешх, рэ-тIэ,
ПхъэцIычауэр басхэгъмэ, рэ-тIэ,
Нанэр сэхэгъ къощIэ, рэ-тIэ,
Пхъэпшынэр къэбэрдеймэ, рэ-тIэ,
Нанэр ислъэмей къытохьэ, рэ-тIэ,
Къэбэрдей хьэжрэтым ящэхужари, рэ-тIэ,
БабыкIунэмэ я нанэщ, рэ-тIэ,
Уэ зэрэ-Бабыгуейуэ мэтэдж, рэ-тIэ,
ШущIэтаджэ минхэри къыхуащI, рэ-тIэ!

КIэшхэ япхъу Бабыгухэ (БабыкIунэхэ) къыщашэм яуса уэрэдщ. Джэгур зэрекIуэкIар къэзыIуатэ къебжэкIщ. И щхьэм хуэзыусыжауэ щытар Бабыгу КIунэщ. Гуащэжьым жиIэжу и бынхэм ягу ираубыдэри, апхуэдэ щIыкIэкIэ ди нобэм къэса хъуащ. Езы уэрэдыр къэзыIуэтэжар си анэшхуэ Табыщ Мэчэхъан Лосэн Іэюб ипхъурщ. Макъ дахэм щIэту куэдрэ жиIэу щытыгъащ.

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ТАБЫЩ Муратщ.**

● Гъэсэпэтхыдэхэр

### Дадэ гъэсэкIэ

ТХЬЭМАДЭ гуэр щыIэти, и нысэм зыхуигъэгусэрейт. Ешхыдэ, ехъурджауэ сыту аратэкъым, зыгуэр игу иримыхьамэ, зигъэгусэу арат.

Зэгуэрым нысащIэм зегъэдыхьэшхнэпцIри зызыгъэгуса тхьэмадэм йоупщI:

- Дадэ дыщэ, - жи, - сабийм зигъэгусамэ, йощхьэфауэ, и пхэм хущIоуэ, хуолъ; дадэм зигъэгусэмэ, сыт иращIэр?

ЛIыжьыр къоуIэбжь, щIоукIытыхьыжри, жэуап къримыту и хьэл мыхъумыщIэр хенэ.

Нысэ губзыгъэми тхьэмадэр егъэсэф.

### Псалъэ шэрыуэм и хъыбар

ЕУЭРИ, жеIэ, зы лIыфI гуэр псэути, и щхьэгъусэр дунейм ехыжащ. Зэрыхабзэу, пIалъэ дагъэкIри, фызабэ гуэр къагъуэтри, хьэгъуэлIыгъуэшхуэ иращIэкIыу къыхуашэжащ. Къыхуашэжа щхьэкIэ, жэщищ-махуищ фIэкIа имысу кIуэсэжащ. ЦIыхубзым и Іыхьлыхэм мо лIыфIыр благъэу яIэну яфIэфIти, щIэупщIамэ, фызыр кърату ижыну хьэзырт, арщхьэкIэ лъэпкъыр абы щIэупщIэжакъым, ягу ирихьа къыщIэкIынтэкъыми.



Мохэр щыщIэмыупщIэжым, жьэ бадзэ зэщIихыу шыпхъу нэхъыжь иIэт фызабэми, къакIуамэ. Куэбжэм деж къэуври къэджащ. ЛIыфIым и анэр щIэкIри, «къеблагъэ» жриIащ. АрщхьэкIэ мор еблэгъэным и пIэкIэ, и ІитIыр и шхужьым иригъэувэри, хъурджауэу щIидзащ. Анэм ар куэдрэ имыгъэпIэрапIэу и псалъэр Іэпиудащ:

- Алыхь, тIасэ цIыкIуу сиIэ, а жэщищ-махуищым щхьэкIэ апхуэдиз хьэгъуэлIыгъуэ дывмыгъэщIу фыкъыдэлъэIуатэмэ, ди щIалэр щIыхьэхуу ныфхуэдгъэкIуэнтэм, - жиIэри.

И жьэр джатэ пэтми, цIыхубзым къыпидзыжын имыгъуэту зыIуригъэхыжащ.

Мис аращ псалъэ шэрыуэм удэмыджэгу щIыжаIэр: абы къаугъэм я нэхъ гуащIэри, егъэункIыфIыф.

### УлIыжь хьэмэрэ ухъужь?

ЕУЭРИ, жеIэ, Шапсыгъым къикIри зы лIыжь хэкIуэта Бжьэдыгъум къэкIуат. Япэ зыхуэза хьэщIэщым щIыхьэри, бысымыр къыщыгуфIыкIащ, къигъэтхъащ. Хабзэм тету жэщищ-махуищкIэ хьэщIагъэ къриха нэужь, уэршэру здэщысхэм, бысымыр къеупщIащ, жи:

- Ярэби, си хьэщIэ, ІуэхукIэ укъысхуэкIуа хьэмэрэ удунеяплъэу укъызихьэлIа? - жиIэри.

ХьэщIэм убалъэ хуэдиз хъуну лулэшхуэ иIыгъти, ар щIигъанэри:

- Іуэхуу сиIэращ, си бысым, жьы сыхъуати, сымылIэ щIыкIэ бжьэдыгъу лIыжьхэр слъагъужынщ, лIыгъэ хъыбари сыкъедэIуэнщ, жысIэри сыкъежьауэ арaщ.

Бысымыр и пащIэкIэ щIэгуфIыкIри:

- Аууей, - жиIащ, жи, - Бжьэдыгъум лIыжь исыж уфIэщIрэ, хъужь защIэ мыгъуэщ къэнэжар!

ЛIыжьыр жьы хъуами, лIыщ, хъужьыр хъу къудейуэ арaщ. Дунейр къэбгъэщIэну Тхьэм Іэмыр щIищIыр плъэгъуамрэ зэхэпхамрэ Іущыгъэу хэлъыр уи ужь къиувэным лъэбгъэIэсыжын щхьэкIэщ. Армыхъумэ, шхэри, ефэри, къикIухьрэ, къекIуэлIэжа нэужь зызыгъэукIуриижыр, дапщэщи бгъуэтынущ. ЛIыжь ухъуми, хъужь зумыгъэхъу, ауэ сытми жаIакъым пасэрейхэм.

### ЦIыхум фэ зэрызэрагъэплъ зы Іэмал

КХЪУАЩЭ Дэгъазэ жыхуаIэм зы мэл закъуэ иIэти, жылэм я гуартэм хъудзу хигъэхьэри Къущхьэхъу яхуащ. Мыгувэу дыгъужьым пэщIэхуэри ишхащ. Дэгъазэ ар щыжраIэжым гуфIащ, жи:

- Ялыхь, уи шыкурщ, зи мыхъуми Кхъуащэ Дэгъазэ мэл иIэти дыгъужьым ишхащ, жаIэнщи цIыхум фэ къызаплъынщ!

Гуп зыхэтыр дыхьэшхри, псоми мэл зырыз кърaтщ абыи, хъушэу къихури къэкIуэжат, жаIэ.

Уи мэл дыгъужьым щишхыжынуми, апхуэдэу ирекIуэд.




# ТхьэкІумэкІыхь шынэкъэрабгъэ

*Таурыхъ*

Псей жыгым и лъэдийм кӀэрыгъэщӀауэ жей Мыщэр гъы макъым къигъэушащ. Ар едэӀуапэри, ТхьэкӀумэкӀыхь цӀыкӀур зэщыджэрт.

Сыту сынасыпыншэ сэ! Сыту сытхьэмыщкӀэ сэ! Сэр фӀэкӀа яшхын щхьэ ямыгъуэтрэ къашыргъэми, дыгъужьми, бажэми. Сэри абыхэм сащошынэри, къызэрыслъагъуу зызогъэпщкӀу. Апхуэдизу щхьэ сышынэкъэрабгъэ? - зиухыжыпэрт псэущхьэ цӀыкӀум.

Мыщэжьым ар фӀэгуэныхь хъуауэ едэхэщӀэну зыщиӀэтым, Ӏэуэлъауэм игъэщта, ТхьэкӀумэкӀыхьыр щӀэцӀывэжащ.

Мыщэжьыр тэлайкӀэ абы кӀэлъыплъа иужь, и щхьэр игъэсысщ, и жьэпкъым етӀэхъури пыгуфӀыкӀыу ежьэжащ.

Пщэдджыжьым жьыуэ къэуша Къанжэм хуейм и курыкупсэм ит ашыкышхуэм занщӀэу гу лъитащ. Псом япэ псори зэзыгъэщӀэну зыфӀэфӀ Къанжэм ар гъунэгъуу щызэпиплъыхьым къилъэгъуащ «Нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэ псэущхьэм ейщ» жиӀэу зэрытетхар.

Уэ-хьэ-хьэхь! Сызэрытеун къэзгъуэтащ. Бажэм дежкӀэ секӀуэкӀынщи згъэбэмпӀэнщ, жиӀэри ежьащ.

Бажэр щхьэукъуауэ Ӏуащхьэм тести, Къанжэм къигъэщтащ:

Бажэ цӀыкӀу, хэт нэхъ лъэщ дыдэу мы мэзым щӀэсыр? - жери.

Емынэм уимыхькӀэ уэ бзу кӀэкӀэрейр, сыкъэбгъэщтащ! Ар сыт упщӀэкӀэ делэ! Сэращ нэхъ лъэщ дыдэр! Ар япэрауэ. ЕтӀуанэрауэ. Ӏэмалищэрэ зырэ зыщӀэ Бажэжьым къилъхуахэм сащыщщи, сэр нэхърэ нэхъ Ӏэмалшыи мы мэзым щӀэскъым.

НтӀэ нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэр хэт? - увыӀэрткъым Къанжэр.

Си жейр степхуащ, Къанжэ. Уи цыр сымыщ щӀыкӀэ зыӀуегъэх! - губжьащ Бажэр.

Хъунщ, хъунщ, умыгубжь. Шэджагъуэ нэужьым хуейм деж накӀуэ, зэхуэс щыӀэнущи, жиӀэри Къанжэм Дыгъужьым дежкӀэ игъэзащ.

Дыгъужьыр мэжалӀэти гукъыдэжыншэу Къанжэм къыӀущӀащ:

Сигу ирихьын хъыбар къысхуумыхьамэ, къызжиӀакъым жумыӀэж, зыц къыптезнэнкъым. ИӀэ, къипхъ...

Зы упщӀэ закъуэ сиӀэу арат, Дыгъужьыжь, зыхуигъэцӀыкӀуащ абы Къанжэм. - Хэту пӀэрэ нэхъ шынэкъэрабгъэ дыдэу мы мэзым щӀэс псэущхьэр?

Арат иджы къысхуумыгъэфащэу къэнэжар! Сэра шынэкъэрабгъэкӀэ узэщыр! ЗыӀуегъэх, узыӀурызмыдзэ щӀыкӀэ.

Хъунщ, хъунщ, умыгубжь. Шэджагъуэ нэужьым хуейм деж накӀуэ, зэхуэс щыӀэнущи, жиӀэри Къанжэр лъэтэжащ адрей псэущхьэхэм хъыбар яригъэщӀэну.

Шэджагъуэ нэужьым мэзым псэущхьэу щӀэсыр хуейм деж щызэхуэсауэ ашыкым щхьэкӀэ зодауэ, зэрофыщӀ. Шынэкъэрабгъэу зыми зимумысыжми дэтхэнэми ашыкыр езым ейуэ тхьэ иӀуэрт.

Дыгъужьым лъэщыгъэкӀэ ашыкыщхьэр яфӀытричри и гурыӀупсыр къажэу ашыкым щиплъэм:

Хэт нэхъ шынэкъэрабгъэр? - жиӀэу гъуахъуэу Мыщэр къипщащ.

Псэущхьэхэр щтэри псори щхьэж и занщӀэу мэзым щӀэлъэдэжащ, ТхьэкӀумэкӀыхь закъуэм фӀэкӀа къэмынэу.

Уэ ущӀэпхъуэжакъыми-тӀэ? - зыхуигъэзащ абы Мыщэм.

Сэ, зиусхьэн Мыщэ, псом нэхърэ сынэхъ шынэкъэрабгъэщ, жиӀащ абы и макъыр кӀэзызу.

Уэра нэхъ шынэкъэрабгъэр? Зыплъыхьыт-тӀэ! Дэнэ щыӀэ Дыгъужьри, Бажэри? Ахэр псори къысщышынэри щӀэпхъуэжащ. Уэ зы закъуэращ си пащхьэм къинар. ТхьэкӀумэкӀыхь цӀыкӀу, умышынэу, ущӀэмыпхъуэжу пэжыр жыпӀащи уэр нэхърэ нэхъ лӀыхъужь мы мэзым щӀэскъым. Ар сыт щыгъуи уигу игъэлъ.

А тӀур зэбгъэдэту къэзылъэгъуа псэущхьэхэм Мыщэр зи ныбжьэгъу ТхьэкӀумэкӀыхьым и Ӏей абы иужькӀэ зэрахуэжакъым.

ЗэзыдзэкӀар **МЭЛЕЙ ФатӀимэщ**.

● Теплъэгъуэхэр



**Налшык къалэм и щӀыпӀэ дахэхэм ящыщ зым.** *2021 гъэ*

● ЖыӀэгъуэхэр

## ЦӀыхубзыр уи яужь къихьэмэ...

**♦Унагъуэм тхьэмадэр и щхьэщ, унэгуащэр - и псэщ.**

**♦ФызыфӀрэ лӀыфӀрэ зэнатӀэкъым.**

**♦ ЦӀыхубзыр къарууншафэ къарущ, цӀыхухъур къаруууфӀафэ къаруушэщ.**

**♦ ЦӀыхубзыр уи яужь къихьэмэ - узыӀэрегъэхьэ, къыкӀэлъыбжыхьу щӀэбдзамэ - пӀэщӀэкӀащ.**

**♦Уипхъу жепӀэрейр езы уи нысэм зэ еӀуэтылӀи, утыншыжащ.**

**♦ЦӀыхубз дахэр зэ фэладжэ мэхъуж, лъагъугъуафӀэр сыт щыгъуи лъагъугъуафӀэщ.**

**♦Дахэр гъуджэ иплъэреймэ, лъагъугъуей мэхъу.**

**♦ЦӀыхухъукӀэ насыпыфӀэ цӀыхубзымрэ цӀыхубзкӀэ насыпыфӀэ цӀыхухъумрэ нэгъуэщӀ щӀремыхъуэпсыж.**

**♦Дыгъуасэ сомыр ирикъухьащ, нобэ кӀэпӀейкӀэ къелъыхъуэж.**

**♦Дизыкъуажэ нафӀэгуфӀэщ, къыӀэрохьэри хамэ Ӏыхьэ.**

**♦Зезыхьами хьилагъэ, къигъэщӀакъым гъащӀитӀ.**

**♦Насыпыр къулеягъэм къыдэкӀуэркъым.**

**♦ Къулыкъум къихьа щӀыхьыр жыжьэ нэсыркъым.**

**●Гур кӀуэдмэ, лъэр щӀэкӀкъым.**

**●Быдэ и анэ гъыркъым.**

**●Бысымыр хьэщӀэм и ӀуэхутхьэбзащӀэщ.**

**●Адрыщӏым ущӏэдэумэ, мыдрыщӏыр къыплъысынщ.**

**●Акъыл зиӀэм шыӀэ иӀэщ.**

**●Банэ хуэдэ зэхэплъхьэр данэ хуэдэу зэхэпхыжынщи, данэ хуэдэ зэхэплъхьэр банэ хуэдэ зэхэпхыжынщ.**

**●Бэлэрыгъым гъатхэр къыхуэлъэщ.**

**●Адыгэ и хьэщӀэ быдапӀэ исщ**

**●Гугъэ нэпцӀыр щхьэгъэпцӀэжщ.**

**●Бгъащхъуэ гушхуар жьындум жьэхэхуэри ишхащ.**

**●Бгъуэ егъапщи, зэ пыупщӀ.**

**●ГужьеигъуафӀэ унэхъугъуафӀэщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Псалъэ пэжхэр

## Адыгэ и хьэщӀэ быдапӀэ исщ

**●Бзаджэ гъусэм мысэ уещӀ.**

**●Гунэс ямыщӀ саугъэт умыщӀ.**

**●АкъылыфӀэм делэми бзэ къыхуегъуэт.**

**●Бзылъхугъэ пшэрыхь хущанэ.**

**●Биижь умыгъэблагъи, уи адэ и благъэжь умыбгынэ.**

**●Бийр къыпщытхъурей хъумэ, умыбэлэрыгъ.**

**●Блэр мэжей жыпӀэу и кӀэм утемыувэ.**

**●Губгъуэм ущымыкъэрабгъэ, унэм ущымылӀыхъужь.**

**●Гъуэгужьрэ фызыжьрэ умыбгынэ.**

**●Бэрэ хашэ иш фӀокӀуэд. БгитӀыр зэӀущӀэркъым, цӀыхуитӀыр зэӀуощӀэ.**

**●Гъуэгум лъыхъуэркъым - щӀоупщӀэ.**

**●Анэм лъэгу щӀэтын зыхуэщӀ.**

**●Ахъшэ мыбж зэӀахыркъым.**

● Хъуэхъу

### *Иорданием щыпсэу Шыфэкъуж Санэ и ныбжьыр нобэ илъэс тӀощӀ ирокъу*



Санэ ехъулӀэныгъэ хъарзынэхэр зиӀэ бзылъхугъэ цӀыкӀущ. Ар Амман и университетым дизайнер Ӏэщ1агъэм щыхурагъаджэ и факультетым щӀэсщ, етӀуанэ курсщ.

Ди хъыджэбз цӀыкӀу! Дынохъуэхъу сыт и лъэныкъуэкӀи ехъулӀэныгъэ уиӀэну, гукъеуэншэу упсэуну, уи анэ Данэрэ уэрэ фызэдэузыншэну! Дунейм фӀыгъуэу тетыр къоуалӀэми тфӀэмэщӀэнущи, насыпыфӀэ дыдэ Тхьэм уищӀ. Еджэныгъэм ущыпашэрэ узыхэтми уакъыхэщу, гуныкъуэгъуэр уи мащӀэрэ гъащӀэм гухэхъуэгъуэ къуиту, гукъыдэжыр уи бэрэ дэрэжэгъуэр уи бащэу, жыхуэпӀэм уи Ӏэр техуэрэ абы къыпэкӀуэ гурыфӀыгъуэм уигъэину упсэуну ди гуапэщ.

**Дадэ Мухьэмэд, нанэ Розэ.**

● Унэгуащэхэм папщӀэ

## ӀэфӀу, теплъэ дахи иӀэу

Куэдрэ щылъу зэкӀуэкӀыу щӀэзыдза щӀакхъуэм и мэр ар щахъумэ щӀакхъуалъэм къыщищтэ щыӀэщ. Абы щыгъуэ щӀакхъуалъэр серчэкӀэ ятхьэщӀри, мэр мэкӀуэд.

* * *

Лэпсым шыпс къыхэфщӀыкӀын фи гугъэмэ, лыр вэным зы сыхьэт ныкъуэ къэнэжауэщ абы шыгъу щыхэвдзэнур.

* * *

Тэмэму укӀэлъымыплъурэ лэпсым къытрищӀэ тхъурымбэр шыуан лъабжьэм етӀысэхамэ, абы псы щӀыӀэ тӀэкӀу хэпкӀэмэ, ар и щхьэм къыдокӀуеижри, тыншу къытыбохыж.

* * *

Котлетым хэфлъхьэн джэдыкӀэ фимыӀэмэ, фымыгужьей. ДжэдыкӀэм и пӀэкӀэ лы хьэжа грамм 250-м хуэзэу кӀэртӀоф хьэжыгъэ бжэмышхышхуэ никъуэ хэфлъхьи, котлетыр зыкӀэрыщэщынукъым, ӀэфӀи хъунущ, теплъэ дахи иӀэнущ.

* * *

Кофе къызэрагъавэ хьэкъущыкъум и кӀуэцӀыр кхъуэщыныфэ-фӀыцӀафэ ещӀ, ар кӀэрегъэкӀыж псым лимон бзыгъэ хэлъу къэбгъэкъуалъэмэ.

* * *

Шхыныр щагъэхьэзырым кӀэрисхьамэ, кӀэструл кӀуэцӀым и лъабжьэр гъэкъэбзэжыгъуей щыхъу щыӀэщ. Абы щыгъуэм кӀэструлым шыгъушыпс иту жэщым щагъэт, пщэдджыжьым мафӀэ щӀащӀэ, шыгъушыпсыр къагъэкъуалъэри, ар къабзэ мэхъуж.

● Шхыныгъуэхэр

## Былым тхьэмщӀыгъу гъэбэкхъа

ФӀыуэ тхьэщӀа тхьэмщӀыгъур Ӏыхьэурэ яупщӀатэ, гъумагъыр см 3-4, кӀыхьагъыр см 10 хъууэ, абыхэм сэкӀэ гъуанэ цӀыкӀу хуащӀ, ямыугъуэныпэу. Шыгъу щахуэ. ИтӀанэ а гъуанэ цӀыкӀухэм бжьыныху хьэдзэ упщӀэта, шыбжий сыр упщӀэта иралъхьэ, гуэдз хьэжыгъэм фӀыуэ хакухьри, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэ. Ӏыхьэхэр лъэныкъуитӀымкӀи тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Шатэпс щӀакӀэ, тебащхьэр трапӀэжри, мафӀэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Ӏэнэм пщтыру, тебэм къина шатэпсри текӀауэ тепщэчкӀэ трагъэувэ. И щхьэм бжьын упщӀэта тракӀутэ. Дашх пӀастэ, мырамысэ хуабэ, чыржын, щӀакхъуэ.

*Халъхьэхэр (цӀыхуитӀ Ӏыхьэ):*

тхьэмщӀыгъуу - г 600,

бжьыныху укъэбзауэ - г 20,

шыбжий сыр мыхьэжауэ - г 5,

тхъууэ - г 80,

бжьыныщхьэ упщӀэтауэ - г 60,

шатэпсу - г 250-рэ,

шыгъуу, гуэдз хьэжыгъэу - узыхуейм хуэдиз.

## Зэпкърымыхауэ гъэжьа джэд

Джэд гъэкъэбзар псы щӀыӀэкӀэ ятхьэщӀ, хъыдан къабзэкӀэ ялъэщӀыж, ягъэгъущ. Абы и кӀуэцӀыр яшыу, шыгъу, шыбжий сыр, бжьыныху уба щахуэурэ. Джэд щӀыбым шыгъу фӀэкӀа щахуэркъым. ИтӀанэ тебэм дагъэ иракӀэри, къагъэплъ пщтырагъыр градус 200-м нэсыху, абы джэд шыуар халъхьэ и щӀыбыр егъэзыхауэ. ЗэрагъэдзэкӀыурэ тхъуэплъ дахэ хъуху дакъикъи 5-7-кӀэ ягъажьэ. ИужькӀэ джэдыр зэрилъу тебэр хьэкулъэм ирагъэувэри, дакъикъэ 25-рэ хуэдизкӀэ ягъажьэ, зэзэмызэ зэрагъэдзэкӀыурэ. Джэдылыр мыпшэрмэ, щагъажьэкӀэ джэд щӀыбым шатэ щахуэ, тхъуэплъ дахэ ищӀын щхьэкӀэ. Джэд жьар хьэкулъэм кърахыжри, хуеймэ зэрыпсоуэ е Ӏыхьэ-Ӏыхьэурэ упщӀэтауэ Ӏэнэм тралъхьэ. Тебэм къина дагъэри езы джэдым къыщӀэжа псыри тракӀэж. Къазри бабыщри апхуэдэ дыдэу ягъажьэ хъунущ. ПӀастэ, щӀакхъуэ и гъусэу пщтыру яшх.

*Халъхьэхэр (цӀыхуитху Ӏыхьэ):*

джэд гъэкъэбзауэ - г 1100-рэ,

сэхуран дагъэу - г 100,

бжьыныху укъэбзауэ - г 30,

джэдым щахуэ шатэу - г 50,

шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

# Псалъэзэблэдз



**ЕкӀуэкӀыу**: **3**. Уэс ... е хьэлыуэ ... **5**. ЦӀыху къаруууфӀэ. Е щыхь ин лъэпкъ. **7**. Сабий цӀынэ быдзафэ. **8**. Пшынауэ цӀэрыӀуэ, гъэсакӀуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубэ артист. **10**. Сабий гъыринэр абыкӀэ ягъэудэӀу. **12**. Мэлыц щабэ. Е ... бостей. **14**. УэрэджыӀакӀуэ Ӏэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щӀыхь зиӀэ и артист ... ЛутӀэ. **17**. Зеиншэ. **18**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **19**. Мывэ блыну дэкӀуей бгы задэ. **22**. Къэрым щӀыналъэм и къалащхьэ. **25**. Гуэгушыхъум, къазыхъум я бгъэм тет пшэрыпӀэ. **26**. ХъуаскӀэ къызыхебгъэх хъуну мывэ. **28**. Пасэрей зауэлӀым и пыӀэ. **29**. Адыгэ къэкӀыгъэхэм я цӀэхэр зэхуэзыхьэсыжу тхылъу къыдэзыгъэкӀыжа, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ щӀэныгъэлӀ ... Барэсбий. **31**. ... лъакъуэ щӀэткъым. **32**. Къэбэрдей адыгэм щыщу «ЩӀыхь» орденым и нагъыщищри зрата зауэлӀ закъуэ ... Менлы. **34**. Псыщхьэ тещтыкӀа. **35**. ГушыӀэр ... и щӀасэщ. **39**. Пасэрей фоч. **40**. ... хиса жыгыр мэгъу.

***Къехыу:*** **1**. ... и къуэ дзыгъуащэщ. **2**. Адыгэм къахэкӀа уэрэджыӀакӀуэ нэхъ Ӏэзэ дыдэхэм ящыщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубэ артист. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 90 ирикъуащ. **4**. ЦӀыхубз щыгъын. **6**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **7**. Нарт Псэбыдэ и щхьэгъусэр. Е Къардэнгъущ1 Зрамыкуи, нэгъуэщӀхэми ягъэзащӀэ уэрэдыжь. **8**. Хьэпшып гуэр гъуру, пхъашэу. **9**. Зи пкъыр лантӀэ, тхьэмпэ псыгъуэ кӀыхь зыпыт жыг. **11**. ТхьэмыщкӀэ дыдэ, нэгъуэщӀхэм къыхуашиймкӀэ псэу цӀыху. **13**. Улахуэ, лэжьапщӀэ ... Е пэж, шэч зыхэмылъыж. **15**. Литературэ тхыгъэ. **16**. Ищхьэ лигэм щыджэгу футбол командэ цӀэрыӀуэ. **20**. Пхъэ уадэшхуэ. **21**. Уи щхьэ мыузым ... къомышэкӀ. **23**. Зи щӀыхуэ ... уриӀуэхутхьэбзащӀэщ. **24**. И кӀэр ... дихуэжащ. («унэхъуащ» жыхуиӀэщ). **26**. Щхьэгъусэ къэзыша щӀалэм и благъэ. **27**. Ӏэщ къуейщӀей цӀыкӀу. **30**. ... фӀэдахэр псэм фӀэӀэфӀщ. **31**. Ику иту тонн зыплӀытху къэзышэч, щӀыпӀэ хуабэхэм щыӀэ псэущхьэ. **33**. КъурӀэным и зы пычыгъуэ. **36**. ... пыӀэ. **37**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащӀэ цӀыкӀу. **38**. Муслъымэн диным зэрыжиӀэмкӀэ, зи щӀалэгъуэр зэи имыкӀыу жэнэтым ис тхьэӀухуд.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

### *Бадзэуэгъуэм и 17-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:*

***ЕкӀуэкӀыу:*** **3**. Щапхъэ. **6**. Хъуржын. **8**. Сэлэт. **9**. Ӏуащхьэ. **11**. КъуэщӀий. **13**. Чын. **15**. Сэ. **16**. Хъун. **19**. Хьер. **22**. Щыхь. **23**. Губгъуэ. **24**. Хьэлъэ. **27**. Армэ. **28**. Абазэ. **29**. Хупхъэ. **32**. Гъуррэ. **33**. ПщылӀ. **34**. Хъуэхъу. **36**. Ужьэ. **37**. Фо. **38**. Кхъужь. **39**. КӀэху. **41**. Шэрий. **43**. Дурыс. **46**. Курыбэ. **47**. Дыжьын. **48**. Инжыдж.

***Къехыу:*** **1**. Пхъэхь. **2**. Аркъэ. **3**. ЩэӀу. **4**. Тэрч. **5**. Пэгун. **7**. Ней. **10**. Сабэ. **12**. ЩӀопщ. **14**. Пхъэлъантхъуэ. **15**. Сабэ. **17**. Налъэ. **18**. Тхьэгъэпсэу. **20**. Дэрбзэр. **21**.Тхьэзэплъ. **25**. Аму. **26**. Гъупщ. **30**. Арэф. **31**. Дыгъужь. **35**. Хъудыр. **36**. Унэр. **39**. КӀарц. **40**. Хуабэ. **41**. Шыд. **42**. Иныжь. **44**. Уанэ. **45**. Сыдж.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкӀэмыхъу Маринэ** (унафэщӀ-редактор), **Ширдий Маринэ** (унафэщӀ-редактор), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщӀэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщӀ Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иражьэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкӀхэмрэ редакцэмрэ я хэщӀапӀэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщӀ-редакторхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкӀэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ӀуэхухэмкӀэ - 42-22-86; къуажэ гъащӀэмрэ экономикэмкӀэ - 42-57-59; щэнхабзэмкӀэ - 42-75-36; хабзэхъумэ ӀуэхущӀапӀэхэм ядэлэжьэнымкӀэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкӀэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щӀэныгъэмкӀэ - 40-15-31; хъыбарыщӀэхэмкӀэ - 42-22-88; зэдзэкӀакӀуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ӀэнатӀэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаӀэта Ӏуэхугъуэхэм я пэжагъымкӀэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Ӏуэху еплъыкӀэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Ӏэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщӀэныгъэхэмкӀэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкӀэ Къэбэрдей-Балъкъэр щӀыналъэ ӀуэхущӀапӀэм ПИ №ТУ07-00117-м щӀэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокӀ 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтӀыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкӀыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкӀ Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу Инэрокъуэ Азэмэт (1, 2, 4-нэ нап.),* **Елмэс ФатӀимэ** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркӀэ газетым и теплъэр ящӀащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ӀэнатӀэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Ӏэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894● Тираж 1.777● Заказ №1623